

## ФИДИ ФАРНÆН Æ ИСÆВÆРУНÆЙ Æ ХÆССУН ЗИНДÆР ÆЙ!..

***Уæрæсей Президент Владимир Путин æрæги ци Указ бафинста, уомæ гæсгæ нисангонд æрцудæй фиди Бон. Е исуодзæнæй аллианзон бæрæгбон, æма аци анз бæрæггонд цæудзæнæй фиццаг хатт – 17 октябри. Укази куд загъд ес, уотемæй æ нисанеуæг æй бийнонти фарнæ агъазиаудæр кæнун æма сувæллæнтти гъомбæлади фидтæлти ахедундзийнадæ фæууæлдæр кæнун.***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№36 (817) 2021 анзи 8 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман




# ЦÆМÆЙ НÆМÆ ИУАЗГУТÆ ÆДАС УОНЦÆ...

Цæгат Кавкази федералон зилди Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвар **Юрий Чайка** æрæги ци æмбурд исаразта, уоми дзубанди цудæй хуæнхон туризми æдасдзийнади хæццæ баст фарстати фæдбæл.

Архайдтонцæ си Уæрæсей граждайнаг гъæуайкæнуйнади, æнæнгъæлæги уавæртæ æма сæ фæстеугутæ райеуварс кæнуни министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Александр Чуприянов**, туризми федералон Агентади разамонæг **Догъузти Зæринæ**, цæгаткавказаг регионти разамонгути хæццæ си архайдта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло.**

Æмбурд байгон кæнгæй, Юрий Чайка куд загъта, уотемæй Цæгат Кавкази зилдæн туризм æй æ ирæзти ахсгиаг рахуæцæн, экономики хай дæр уой хæццæ бæттуй æ размæ къахдзæфтæ. Æрдзон фæрæзнитæ еугур федералон зилди дæр фадуæттæ дæттунцæ туризми размæцудæн. Зилди хуæнхаг курортти нури уæнгæ ес 180 туристон маршрути, 81 трасси дæргъæ 'й 140 километри, туристтæн лæггадæ кæнунцæ 30 канатон нади.

Фал регионти разамонгутæ туристти æдасдзийнадæн фагæ ахедгæ мадзæлттæй нæ пайда кæнунцæ. Туризми æдасдзийнадæн барадон бундор нæййес, сауæнгæ проекттæ аразунæй байдайæ æма туристтæ, сæ инструктортæ хæрдмæ хезунмæ ку бавналонцæ, уомæй фæууо.

Юрий Чайка ци ахсгиаг фарстатæ фæббæрæг кодта, уонæбæл адтæй æ дзубанди Александр Чуприяновæн. Е граждайнаг гъæуайкæнуйнади уавæрти æма сæ фæстеугутæ райеуварс кæнуни министради гъомус хуарзбæл банимадта. Фал ма уæддæр ес сагъæссаг фарстатæ дæр. Фиццагидæр архайун гъæуй, цæмæй, цæйбæрцæ фулдæр адæм рацæуонцæ туристон нæдтæмæ, уоййасæ гъæуама уæлдæр уа адæми æдасдзийнадæ. Уой фæдбæл уотæ загъта:

– Гъæуй нæ мадзæлтти комплексбæл бакосун, аци æмбурд, нур ци уагæвæрдтæ ес, уонæмæ æндæр цæстæй ракæсунæн фадуат дæттуй.

Туристон къабази идарддæри райрæзти тухæй радзурдта туризми федералон Агентади разамонæг Догъузти Зæринæ.

*Æмбурди ци фарстати фæдбæл цудæй дзубанди, уони тухæй хецæн æрмæгутæ мах нури уæнгæ дæр мухур кодтан æма ма идарддæр дæр мухур кæндзинан. Уонæй еу кæсетæ нæ газети абони номери 4-5-аг фæрстæбæл.*

## ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

**ГАЗЕТ 2022 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 323 СОМИ 67 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

## АХСГИАГ ФАРСТА




## АДÆМÆН СÆ ЦАРДИУАГИ ФАРСТАТÆ ЕУГУРÆЙ ДÆР АХСГИАГ ÆНЦÆ

Нузали афтек ке нæййес, е хъæбæр тухсун кæнуй ами цæрæг адæми. Уой фæдбæл сæхе бахаттонцæ нæ республики сæргълæууæг Сергей Меняйломæ дæр. Æма аци ахсгиаг фарстатæбæл дзубанди цудæй алликъуæреуон аппаратон æмбурди. Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Тебиати Сослан куд фегъосун кодта, уотемæй Нузали афтек игонгонд æрцæуудзæнæй, куддæр ин гъæугæ ефтонггæрзтæ æнæгъæнæй дæр балхæнонцæ, уотæ. Уомæн ба багъæуддзæнæй дууæ къуæрей.

– Адæми хуастæ уайтæккæ багъæунцæ, – баханхæ кодта Сергей Меняйло. – Уомæ гæсгæ ба рарветун бал гъæуй цæугæ афтек еугур гъæугæ хуасти хæццæ. Кæд федералон æмвæзади уæхæн фæткæ федаргонд нæй, уæд мæхемæ бæрнондзийнадæ есун. Ци гæгъæдитæ гъæуй, уони бафинсдзæнæн.

Афтектæ гъæути игон кæнун, ка си ес, уони куст ба хузæнондæр кæнуни фарста абони цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй, уомæн æвдесæн æй, Цæгат Иристони Адæмон фронти архайгутæ æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæмæ ци курдиадæ барвистонцæ, е дæр. Уоми куд загъд ес, уотемæй республики нæуæг фельдшерон-акушерон пунктти тагъд рæстæги гъæуама байгон кæнонцæ афтектæ. Еци фæндæ Адæмон фронтмæ бахастонцæ Алагири, Мæздæги, Ирæфи æма Дигори районти цæргутæ. Етæ куд амонунцæ, уотемæй гъæути афтектæ ке нæййес, уой фудæй сæйгити цæун багъæуй æндæр рауæнтæмæ.

– Адæмон фронти иуонгтæ уавæр исбæрæг кодтонцæ, æма æрцудæнцæ уæхæн хатдзæгмæ: кæд алли фельдшерон-акушерон пункти дæр фадуат ес афтек байгон кæнунæн, уæддæр еци равналæнтæй еу рауæн дæр пайдагонд не 'рцудæй, – зæгъуй регионалон штаби æмсæрдар Роман Кудренко.

Гъуддаг ба уой медæгæ 'й, æма сæйгæдæнтти дæргъвæтийнæ кæнунцæ лицензи райсуни, сæрмагонд медицинон ефтонггарз балхæнун æма гъæугæ кадртæ бацæттæ кæнуни гъуддæгутæ.


2

***Нæ республики Сæргълæуууæг Сергей Меняйло финанси министрадæн байхæс кодта, цæмæй исмадзал кæнонцæ гъæугæ фæрæзнитæ Дзæуæгигъæуи тауæггури станцæ исаразунæн. Е, куд нисан кæнунцæ, утемæй æвæрд ба æрцæудзæнæй кенæ тагъд агъази клиникон сæйгæдони, кенæ ба Республикон клиникон сæйгæдони фæзуати.***

# АДÆМÆН СÆ ЦАРДИУАГИ ФАРСТАТÆ ЕУГУРÆЙ ДÆР АХСГИАГ ÆНЦÆ

Аппаратон æмбурди ма дзубанди кæбæл цудæй æма бæлвурд унаффитæ ке фæдбæл рахастонцæ, уонæй еу адтæй: поселок Хонсайраги 8-аг скъолай æвæстеуатæй бацалцæг кæнуни куститæ исæнхæст кæнунæн республики Хецауади фæстауæрцон фондæй æхца радех кæндзæнæнцæ. Ахурадæ æма науки министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Алибегти Эллæ куд радзурдта, утемæй скъолай пъадвалтæ донæй байдзаг æнцæ. Уомæй тæссагдзийнæдтæ æвзуруй бæстихайии электрон фæрæзнитæн, етæ дæр пъадвалти æвæрд æнцæ. Бæстихай æй цалцæггæнуйнаг, фал æй федералон статистикæмæ ке нæ бахастонцæ, уомæ гæсгæ ин центрæй фæрæзнитæ нæ радех кæндзæнæнцæ. Уой фæдбæл Сергей Меняйло уотæ загъта:

– Скъола косуй, сувæллæнттæ ба тæссаг уавæрти ‘нцæ. Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики министрадæн сæ размæ æвæрун электрон щиттæ уæлæмæ рахæссун æма пъадвалтæ нissор кæнуни ихæс. Еци нисантæн Хецауади Фæстауæрцон фондæй æхца радех кæндзинан.

Уой хæццæ ба ма республики разамонæг арæзтадæ æма архитектури министрадæн бафæдзахста, дууæ бонемæ 11-аг скъолай уавæр бахузæнон кæнуни фарста ралух кæнуни ихæс. Æ сæйраг бæстихай æй бундоронæй цалцæггæнуйнаг, нуртæккæ имæ уæлæнхасæн уæттæ аразунцæ. Фал уой фæсте дæр скъоладзаутæн не ‘суодзæнæй равгæ се скъоламæ æрбаздæхунæн актон зал æма хуæруйнаггæнæн блоки зæууат уавæри туххæй.

***

Аци æмбурди ма ‘ркастæнцæ, Мæздæги районы цæргутæй ци гъаст æрбацудæй, уомæ дæр. Сæ гъаст ба æй, дзоли аргъ сæмæ 25 сомей уæнгæ ке исбæрзонд æй, е сæ куд тухсун кæнуй, уой фæдбæл. Районы бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæуууæг **Олег Яровой** куд загъта, утемæй дзолфицгутæ, инсад æма коммуналон феддонтæ ке ирæзунцæ, уомæ гæсгæ дзоли аргъ бæл бафтудтонцæ. Экономикон ирæзти министрадæ фарста ралух кæнунмæ бавналдзæнæй, дзоли аргъ гъæуама ма ирæза.

Районти администрацити разамонгутæ фæззигон-зуймон афонæмæ цæттæдзийнади туххæй радзурдтонцæ. Нуртæккæ зиндзийнæдтæ не ‘взарунцæ, еугур бунæттæмæ дæр гъар хъæртуй.



## Сергей МЕНЯЙЛО – ТУСКЪАТИ Таймуразæн:

# «КУД ХЕЦАУАДИ РАЗАМОНÆГ, УОТÆ ДÆ КУСТ ÆНТÆСТГИН АДТÆЙ!..»

РЕСПУБЛИКÆ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæуууæг **Сергей Меняйлойæн** косæг фембæлд адтæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймурази** хæццæ.

Дзубанди цудæй республики Хецауади архайд фæййахедгæдæр кæнуни фарстатæбæл.

Сергей Меняйло куд загъта, утемæй раздæр дæр дзубанди кодтонцæ республики Хецауади куст никки фæййахедгæдæр кæнуни фарстатæбæл. Етæ никки ахсгиагдæр иссæнцæ, Уæрæсей Президент регионтæн сæ размæ ци нисантæ æма ихæстæ исæвардта, уони нимайгæй.

– Фиццагидæр мæ зæгъун фæндуй, республики Хецауади Сæрдари бунати дæ куст æнтæстгин ке адтæй, уой. Хуматæг нæ адтæй рæстæг, айдагъ Цæгат Иристонæн нæ, фал æнæгъæнæ бæстæн дæр. Коронавируси нез ке рахæлеу æй, уомæй уавæр кодта никки зиндæр. Фал дæ къохи бафтудæй хецауади еугур оргæнти куст дæр хузæнон угæгæбæл исæвæрун. Уæззау экономикон уавæри республикон бюджетмæ цудæй, ка ‘мбалдæй, еци æфтуйæггæгтæ, æ хæрзтæ дæр цудæнцæ комкоммæ нисангонд мадзæлттæбæл æма социалон фарстатæ æнæкъулумпийæй лух кæнунбæл.

Хецæн дзубандий аккаг æй, национ проекттæ æнхæст кæнунмæ дæ цæстæ еудадзугдæр ке дардтай, е. Æма алци алкæд къохи кæд не ‘фтудæй, уæддæр куст æрцудæй берæ, фал ма бакосуйнаг ба ес дзæвгарæ, – загъта Сергей Меняйло æма арфæ ракодта Тускъати Таймуразæн.

Республики Сæргълæуууæг куд загъта, утемæй, æ кусти бунат раййевуни фæндæ Тускъайфуртæн æ зæрди ке ес, е ин æй зундгонд æма бафеппайдта, æ нæуæг кусти бунати дæр æ берæ зонундзийнæдтæ æма æ фæлтæрддзийнадæ ахсгиаг ке уодзæнæнцæ, уой.

– Арфæ кæнун, мæ архайдæн мин уæхæн устур аргъ ке ‘скодтай æма де ‘уæнкæ ке равдистай, уой туххæй, – загъта Тускъати Таймураз.

Куд радзурдта, утемæй, Хецауади Сæрдари бунат ци рæстæг ахæста, еци рæстæг сæйраг куст цудæй паддзахадон программитæ æма национ проекттæ æнхæст кæнунбæл, уомæн æма етæ ‘нцæ социалон-экономикон ирæзти сæйраг рахуæцæнтæ. Етæ къохи цæмæй æфтуйуонцæ, уой туххæй республики Хецауадæ æмархайд кодта хецауади федералон оргæнти хæццæ, уæдта бунæттон хеунаффæйади оргæнти хæццæ. Уомæй уæлдай, куст цудæй Цæгат Иристони социалон-экономикон ирæзти фæдбæл Уæрæсей Федераций Президенти унаффитæ æнхæст кæнунбæл.

– Нæ республики Хецауади сæргъи ци рæстæг адтæн, е мин адтæй ахсгиаг æма цæмæдессаг, мæ зонундзийнæдтæбæл никки дæр бафтудæй, æма Иристони адæмæн, мæ Райгуræн бæстæн идарддæр дæр лæггадæ кæнунмæ дæн цæттæ, – загъта Тускъати Таймураз.

Хецауади оргæнтæ нисан кæнуни угæвæрдмæ гæсгæ Тускъати Таймураз ма дæс бони æнхæст кæндзæнæй республики Хецауади Сæрдари ихæстæ.

# АМАЛГЪОНАДÆ НОМÆЙ – МИНКЪИЙ, АХЕДУНДЗИЙНАДÆЙ БА – УСТУР!..

ХЕЦАУАДИ Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тускъати Таймуразæн** Елхотти адтæй косæг æмбурд, уордæмæ рандæнцæ министртæ. Æрдзубанди кодтонцæ Кирови районы социалон-экономикон ирæзти нисантæбæл.

Аци анзи бюджет куд исæнхæст кодтонцæ, иннæ анзи бюджети бæрæггæнæнтæ циуавæр уодзæнæнцæ, уой туххæй радзурдта районы бунæттон хеунаффæйади администраций разамонæг **Батиати Хъазбег**. Æ дзубандимæ гæсгæ, хъалонти æма æнæхъалонти æфтуйæггæгтæ аст мæйемæ рауадæнцæ 83,1 миллион соми, кенæ пълани 58,8 процентти. Евгъуд анзи хæццæ рабаргæй, ирæзт æй бæрæг – 61 проценти. Районы размæ ци социалон ихæстæ ес, уонæбæл хъæртунцæ.

Нæуæг анзи бюджетбæл дзоргæй, районы разамонæг куд бафеппайдта, утемæй бафедуйнаг мизд, æ тæккæ минкъийдæр бæрцæбæл исхуæцгæй, æй бæрæг, муниципалон æма æндæр къабæзти косгути мизд дæр уотæ. Æргъти ирæзти хæццæ коммуналон хæрзтæн, социалон





феддонтæн, сувæллæнттæн лæвар хуæруйнаг дæттунæн æма ма æндæр хæрзтæн.

Кирови районы минкъий æма рæстæмбес амалгъонади ирæзтбæл дæр æрдзурдтонцæ. Минкъий амалгъонади архайунцæ 45 кустуати, хецæн амалгъонтæ æнцæ 580, кусти бунæттæ искодтонцæ 1100 адæймагемæн.

– Амалгъонади фулдæр уæзæ сæхемæ райстонцæ базарадæ æма гъæуууонхæдзарадон кустадæ. Минкъий амалгъонадæ ма фæббæрæг æй экономики къабæзти дæр: æхсæнадон фæлхасадæ, арæзтадæ, хомаг-кустгæнгутæ, адæмæн лæггадæгæнгутæ. Агъази программити («Агростартап», «Фонсдарунади фермитæ», «Мæгурдзийнади нихмæ тох») байархайдтонцæ 34 гъæуууонхæдзарадон продукцийадзæги фонсдарунади гъуддаги – 25 гранти райстонцæ, бийнонтæ фонс дарунмæ бавналгæй райстонцæ 9 гранти. Етæ хуарз фæййагъаз æнцæ фонси ирæзтæн æма гъæуууонхæдзарадон продукци уадзунæн, – фæббæрæг кодта Батиай-фурт.

Гъæуууонхæдзарадон продукци балхæнунæн гъæугæ уагæвæрд ке нæййес, е къулумпитæ æвзарун кæнуй цæргутæн. Министрти кабинет еци гъуддæгутæ фæббæрæг кодтонцæ сæхемæ. Тускъати Таймураз куд загъта, утемæй сæ къахдзæфгай ралух кæндзæнæнцæ.

# АХУРГÆНÆГИ АРФИАГ ФÆЛЛОЙНÆН – АККАГ КАДÆ!..

АХУРГÆНÆГИ Бони кадæн æрæги Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæуууæг Сергей Меняйло Евгений Вахтангови номбæл паддзахадон академион театри кадгин хуæрзеугутæй исхуарзæнхæ кодта, нæ республики скъолати ахургæнæги фæллойнæ кадæ æма радæй ка ‘нхæст кæнуй, фæлтæрти зонундзийнæдти надбæл ка ‘фтауй, еци ахургæнгути. Ракодта син зæрдиаг арфитæ дæр:

– Мæнæн мæ царди кæддæриддæр ахургæнæг устур бунат ахæста æма ахæссуй абони дæр. Еци куст уæлдай табуйагдæр æй, уомæн æма адæймагæн сувæллони бонти æ ирæзгæ уоди гъомбæладæмæ ахургæнæг бахæссуй бæсти рæсугъддæр менеугутæ. Нийиергути фулдæр хатт нæ фæййевдæлуй æма сæ сувæллæнтти ахургæнгутæ æма гъомбæлгæнгути евгед бакæнунцæ. Гъомбæлгæнæги кой дæр хуматæги не ‘скодтан. 27 сентябри нæ бæстæ исбæрæг кодта гъомбæлгæнæги Бон. Ахургæнæг æма гъомбæлгæнæгæн ба сæ ихæстæ еухузон æнцæ. Алкæмæн дæр ни адтæй ахургæнгутæ, æма син мах сæ фудæбон бафедунæн некæд иссæрдзинан фæрæзнитæ. Уæлдай арфæ кæнун ахуради ветерантæн, 30-40-50 æнзти дæргъи ка косуй, уонæн. Зин рæстæгути дæр уæ нифс некæд расастæй, фæлтæрти рохс дуйнемæ хонунæй некæд бафæлладайтæ. Æма уин еугур Иристони цæргути номæй арфæ кæнун.

Утемæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт ахургæнæги ном лæвæрд æрцудæй Ирæфи районы Секери астæуккаг скъолай ирон æвзаг æма литератури ахургæнгутæ **Гокъонати Ларæ** æма **Дрети Тамарæн**, Бруты скъолай биологий ахургæнæг **Гулдати Салихатæн**, Ирæфи районы поселок Советскийи скъолай ирон æвзаг æма литератури ахургæнæг **Дзобати Аллæн**, Горæтгæрон районы Михайловски скъолай ирон æвзаг æма литератури ахургæнæг **Дзæрæхохти Валентинæн**, Ирæфи районы Чиколай 3-аг астæуккаг скъолай рахайдæн къласти ахургæнæг **Хъæрданти Ларисæн**, Дзæуæгигъæуи 42-аг скъолай ирон æвзаг æма литератури ахургæнæг **Хъæцмæзти Мæдинæн** æма Ирæфи районы Хæзнидони скъолай математики ахургæнæг **Чегемти Людмилæн**.

Никкидæр ма иннæ ведомствити хуæрзеугутæй æма реубæлдаргæ нисантæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ нæ республики скъолати раззагдæр ахургæнгутæ. Ахуради къабази косгутæн ма арфитæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий депутатти номæй ракодтонцæ **Гутнати Аслæнбег** æма Ахургæнгути профцæдести сæрдар **Тезиати Таймураз**.

**Хуцаубони, 10 октябри бæрæггонд цæудзæнæй гъæуууон хæдзаради æма гъæуууонхæдзарадон продукци уадзæг промышленности косгути Бон. Зæрдиагæй син арфæ кæнæн!..**

# СИЛГОЙМАГИ СÆРÆНДЗИЙНАДÆ – ФАРНÆ ÆМА АМОНДХÆССÆГ!..



Советон цардарæзти тæккæ райдайæни, 1920 анзи 25 августи байгон æй Терки облæсти фæллойнæгæнæг силгоймæгти фиццаг съезд. Е иссæй агъазиау цау хуæнхон силгоймæгти царди – уомæй райдæдта уони разæнгард архайд уæди паддзахадон æма æхсæнадон гъуддæгути еугуреми дæр.

Еци цауæй фæстæдæр 1966 анзи 4 октябри ба арæзт æрцудæй Цæгат Иристони силгоймæгти съезд. Архайдта си дуйней фиццаг силгоймаг-космонавт Валентинæ Терешкова.

Аци съезди туххæй ма, æвæдзи, бæлвурддæрæй дзордзинан, нур ба уой зæгъуйнаг ан, æма абони дæр силгоймæгтæ разæнгардæй архайунцæ нæ республики берæвæрсуг царди. Уой туххæй æрмæг кæсетæ 8-аг фарсбæл.

**КЪАРИ:** ***Валентинæ ТЕРЕШКОВА, æ галеуæрдигæй ба Компартий обкоми уæди фиццаг секретарь ХЪÆБÆЛОТИ Билар.***

**ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ ФЕСКЪУÆЛХУНÆЙ АДÆЙМАГ ИХÆСГИН ÆЙ!..**



# «ÆЗ РАЗÆНГАРДÆЙ ЦÆУН МÆ ФИДИБÆСТИ ÆФСАДМÆ!..»

РАЙДÆДТА фæззигон æфсæддон фæдздзурд, æма Уæрæсейаг æфсади рæнгъитæмæ цæуни афонæ кæмæн ралæудтæй, еци лæхъуæнтæ, федарæй ни æруагæс кæнуй, сæрустурæй зæгъдзæнæнцæ: «Æз разæнгардæй цæун мæ Фидибæсти æфсадмæ!..» Сæ еци загъд рæстзæрдæй ке 'й, уомæн ба бæлвурд æвдесæн: еци фæсевæд абони гъæйттæй цæунцæ æфсæддон-дохтирон къамистæмæ æма сæхе цæттæ кæнунцæ Уæрæсей Федераций Гæрзефтонг Тухтæмæ. Уалдзигон æрседтæй хатдзæгтæ кæнгæй, гъæуайкæнуйнади Министради Генералон штаби управлений хецау Евгений Бурдинский куд загъта, уотемæй коронавируси нихмæ мадзæлттæ искодтонцæ, Уæрæсей Президенти Указ афойнадæбæл исæнхæст кодтонцæ.

Фæззигон æрседти туххæй республики æфсæддон комиссари хуæдæййевæг **Абрил Абдуллаев** уотæ зæгъуй:

– Аци фæззæг Уæрæсей æфсади рæнгъитæмæ фæдздзордзæнæнцæ 27 мин æригон адæймагемæ. Æрседтон къамистæ сæ куст райдæдтонцæ 1 октябрæй фæстæмæ, æфсæддон службæмæ лæхъуæнтæ рарветдзæнæнцæ 15 октябрæй фæстæмæ. Нæуæг æрседти размæ алливæрсуг цæттæгæнæн куст конд æрцудæй. Граждæнти хæццæ бастдзийнадæ адтæй телефон æма Интернети хизи фæрци. Аллирауæн дæр эпидемиологон мадзæлттæ æнхæстгонд цæунцæ.

Аци хатт муниципалон искондтæмæ домæнтæ фæффулдæр уодзæнæнцæ. Иннæ хæттити ци мадзæлттæй кустан, нур дæр уонæй пайда кæндзинан. Еугур домæнтæ дæр куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ сæ цæстæ дардзæнæнцæ æфсæддон-дохтирон центри дохтиртæ, граждæнтæмæ фæсседуни разамонгутæ.

Æмбурдгæнæн пунктмæ æрбацæуни размæ седтонтæн конд цæуй коронавирус рартасуни тест. Æрседтонти ласдзæнæнцæ дезинфекцигонд автобусти, хецæн вагæнтти. Æфсæддон хæйттæмæ ниццæугæй, æрседтонтæ дууæ къуæрей уодзæнæнцæ карантини.

**– Цæгат Иристони цал граждæнинмæ фæсседдзæнæнцæ? Кумæ сæ рарветдзæнæнцæ, циуавæр æфсæдтæмæ?**

– Æдеугурæй республики аци фæззæг фæдздзордзæнæнцæ 800 лæхъуæнемæ. Ка 'й зонуй, фæффулдæр уодзæнæй сæ нимæдзæ, нæ ихæстæ нин ку раййевонцæ, уæд. Службæмæ сæ рарветдзинан Смоленскæй райдайæ æма Петропавловск-Камчатскийæй фæууо. Нæ бæстæ агъазиау æй, айдагъ цæгатаг районти кой нæ кæндзинан. Уордæмæ рарветунмæ нæмæ нæ фæсседтæнцæ. Гæрзефтонг Тухти хузти кой ку кæнæн, уæд æрседтонтæ ист æрцæудзæнæнцæ Тугъдон-Космосон тухтæмæ, Фестæгæйцæуæг æфсæддæмæ, Национ гвардимæ, Тугъдон-Денгизон флотмæ, Æнæнгъæлæги уавæрти министрадæмæ.

**– Æфсæддон комиссаради косгути размæ фæззигон æрседти рæстæг циуавæр сæйраг ихæстæ лæуунцæ?**

– Нуртæккæ етæ 'нцæ, коронавирус рапарахат кæнуни нихмæ еугур мадзæлттæй дæр косун. Уарæсей «ДОСААФ»-æн специалисттæ бацæттæ кæнун æма сæ афойнадæбæл æфсæддон службæмæ рарветун. Службæгæнгутæн еугур уавæртæ искæнун, цæмæй æнхæст уонцæ хуæлцадæй, æхцайæй, æфсæддон служби рæстæг цæмæй ма исуазал уонцæ, уомæй сæ багъæуай кæнун. Етæ фиццаг бакастæй хумæтæг гъуддæгутæ 'нцæ, фал сæбæл гъæуй зæрдиагæй косун.

Нæ дзубандий кæрони ба ма Абрил Абдуллаев куд загъта, уотемæй Уæрæсей Гæрзефтонг Тухти рæнгъитæмæ цæгатиристойнаг лæхъуæнтæ службæ кæнунмæ æхцæуæнæй ке рандæ уодзæнæнцæ, е бæлвурд æй, уæдта си федарæй æруагæс кæнуй е дæр, æма уоми сæ æфсæддон ихæстæ кадгинæй ке æнхæст кæндзæнæнцæ.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Кæддæр æма кæддæр еу лæгæн адтæй дууæ кизги. Хестæр лæгмæ æрцудæй зæнхкосæгмæ, кæстæр ба – буркутæгæнæгмæ.*

*Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте фидæ бабæрæг кодта хестæр кизги æма 'й бафарста æ царди хабæрттæй. Кизгæ ин загъта, гъома, алцидæр нæмæ ес, айдагъдæр еудадзуг Хуцаумæ ковæн, цæмæй нин карз уарунтæ исаккаг кæна, æма нæ халсартæ донæй æфсес уонцæ.*

*Уой фæсте фидæ бабæрæг кодта æ кæстæр кизги æма уой дæр бафарста æ царди хабæрттæй. Кизгæ ин загъта, неци гъæуагæ, дæн, æййафæн, айдагъдæр еудадзуг Хуцауæй корæн, цæмæй нин хорбæнттæ фулдæр радта æма нæ буркутæ афойнадæбæл сор кæнонцæ.*

*Уæд дин фидæ уотæ:*

*– Ду хорбæнттæ ку корай, дæ хуæрæ ба уарун бæнттæ, уæд мæнæн ба ци кæнгæ 'й?.. Кæций туххæй уи ковон?..*

***

*– Уотæ уæмæ нæ кæсуй, æма абони мах æхсæнадæ дæр еци мæгуйраг лæги уавæри 'й?*

*Ке бон куд æй, уæлдайдæр ба ка куд мулкдзастдæр æй, уотæ айдагъдæр сæхе пайдабæл архайунцæ. Сæ фæндитæ ескæмæн зæран æрхæсдзæнæнцæ, е ба сæ гъудий кæрони дæр нæй. Уомæ гæсгæ ниддехтæ ан фур гъæздугутæ æма фур мæгуртæбæл; еуетæ ни царди уæлбилæ, иннæтæ ба – æ дæлбилæ… Уотемæй нæ исонибон куд уодзæнæй?..*



**Сергей ГАЛИЦКИЙ, миллиардер: «Кири дзиппитæ нæййес. Ци мулкитæ дæмæ ес, уони æхсæнади бакустай, æма си гъæуама æхсæнадæн дæттай. Цийфæнди ку фæккæнай, уæддæр дууæ сехуари нæ бахуæрдзæнæ…»**

Арази ан, цийфæнди гъæздуг олигарх дæр дууæ сехуари нæ бахуæрдзæнæй. Фал сæ мулкитæй ба уæддæр кæмæндæр неци хузи радех кæндзæнæнцæ, уомæн æма сæ сагъæс еунæг æй: цæмæй сæ бийнонти, сæ хеуæнтти – сауæнгæ цалдæр æма цалдæр фæлтæрей уæнгæ – бафсадун, уой дæр парахат, царв æма еугæфи хæццæ сехуартæй, рæфтадтæй æма æхсæвæртæй…

Æма дин уонæмæ, мæгурæй-мæгурдæр цæрæг адæми сагъæс ес? Ка син æнцæ, миййаг?..



**Илья ШЕСТАКОВ, кæсалгикустгæнæг федералон агентади («Росрыболовство»-й) разамонæг: «Уæрæсе æнæгъæнæй дæр æхе исефтонг кодта устрицитæй. Е æй, нури уæнгæ ци нæма бакодтан, уæхæн гъуддаг…»**

Нур ма уой хæццæ уотæ дæр ку бакæниуонцæ, æма нæ бæсти дзиллæн æнæгъæнæй дæр ку исаразиуонцæ уæхæн равгитæ, цæмæй еци цæмæдессаг хуæруйнагæй сæхе рæвдауонцæ. Фал кунæг – абони адæмæн сæ фулдæрæй-фулдæрей бон ку нæй тæккæ хумæтæгдæр кæсалгæ балхæнун дæр.



**Дмитрий ПЕВЦОВ, Паддзахадон Думи депутат: «Афонæ 'й экономики дæргъæстæгон пълан аразундзийнадæмæ раздæхун. Уæхæн устур, экономикон æгъдауæй размæцуд бæстæн нæййес идарддæр ирæзæн æнæ дæргъæстæгон пълантæй…»**

Исонибонмæ нисантæ бæлвурд кæнун бæргæ хуарз æй, фал Паддзахадон пъланаразæг къабазæ (советон Госплани хузæн) райгас кæнгæй бабæй нæмæ ку не 'рбаздæхиуонцæ фиди, къалбаси, сапойни æма ма царди берæ æнæмæнгæ гъæугæ товарти нæхъæртондзийнадæ...

**Зундгонд аййевадæртасæг, финсæг, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг Дзантиати Александри фурт Анатолийи райгурдбæл 8 октябри æнхæст кæнуй цуппаринсæй анзи (1941-2021).**

*Номдзуд уруссаг финсæг Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910) уотæ финста: «Æрдзæмæ кæсгæй нæ зæрдитæ ке æрфæлмæн унцæ æма си нæ мондæгтæ æнæфсесæй ке фæййесæн, е хумтæги нæй: еци сахат нæмæ тарталингитæй рацæунцæ нæ рагдзамантæ, нæхуæдтæ дæр æй нæ фæллæдæрæн, уотемæй æримисæн, кæддæр цæрæгойтæ, бæлæстæ,*



# НÆ ХУÆНХБÆСТÆ – НÆ БÆРКАДХÆССÆГ

***Нæ газети абони дзубанди еугæр рацудæй туризми туххæй, гъома, Цæгат Иристони æрдзæ айдагъ нæхецæн нæ, фал Уæрæсей æма сауæнгæ дуйней æндæр рауæнтæй бæлцæнттæн зæрдæмæдзæугæ исуа, уобæл, уæд куд не ‘ской кæнæн, еци гъуддаг тæккæ хуæздæр хузи райаразунбæл уодуæлдайæй ка хъиамæт кодта, берæ хуарздзийнæдтæ си ка исаразта, еци хъæппæресгун адæймæгути туххæй. Уонæй еу адтæй БЕРУАТИ Мæцихъой фурт Барис – Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети профессор, туризми дуйнеуон Академий кадгин иуонг, географион наукити доктор. Абони ба ‘й уомæ гæсгæ имисæн, æма æрæги, 21 сентябри æ райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи (1936-2020).***

***Беруати Бариси цардвæндаг нисанеуæггин æй берæ агъазиау гъуддæгутæй. Æ рæстæги инсæй анземæй фулдæр разамунд лæвардта Цæгат Иристони туризм æма экскурсити республикон Советæн. Уæд республики æнтæстгинæй кустонцæ игъустгонддæр турбазитæ. Беруаи-фурт бацæттæ кодта 878 аллихузон киунуги, надамонæги, уадзимистæ, наукон куститæ…***

***Беруати Барис ма куста университети деканæй дæр, æма ин уæд бантæстæй берæ агъазиау гъуддæгутæ исаразун – æ хъæппæреси фæрци, зæгъæн, ами цæттæ кæнун байдæдтонцæ «Геоэкология» æма «Социальный сервис и туризм», зæгъгæ, нæуæг дæсниæдтæбæл специалисттæ.***

***Беруати Барис, ку зæгъæн, нæ газеткæсгутæн зундгонд адтæй, махмæ ин ци æрмæгутæ мухургонд æрцудæнцæ уомæй дæр. Уонæй еуей абони нæуæгæй рамухур кодтан – кæд раги финст адтæй, уæдта си цæй туххæй цæуй дзубанди, етæ кæд кæддæриккон æнцæ, уæддæр абони газеткæсæгæн дæр цæмæдессаг разиндзæнæй.***

Цæгат Иристон æй, гъæууонхæдзарадон кустадон хъауритæ кæми райрæзтæнцæ, уæхæн республикитæй еу. Гъулæггагæн, нуртæккæ адæмон хæдзаради еумæйаг продукций дзæвгарæ хай уагъд æма ист цæуй будури æма хуæнхрæбун зæнхити. Цæмæн ку фæрсайтæ, уæд ами фулдæр цæрæг адæм ес. Мадта хуæнхбæстæн ба ци кæнгæ ‘й, кæд æма Цæгат Иристони фæзуати æмбеси бæрцæ ахæссуй, уæд? Сагъæссаг æнцæ æ минералон æма æнæрзæт хомаги æведуйгæ æвæрæнтæ, æмбесонди фонсхезнитæ æма игуæрдæнтæ, хуарз фадуæттæ курорттæ æма туристон косæндæнтти арæзтадæ рапарахат кæнунæн. Бæлвурддæр зæгъгæй, фарста уотæ æвæрд цæуй, цæмæй базаради экономики æуууæлти хæстæгдæр рæстæги республики фæллойнæгæнгути цард фæххуæздæр уа.

Хуæнхтæ æнцæ нæ минкъий Иристони намус æма рæсугъддзийнадæ. Алкæмæ дæр уотæ фæккæсуй, цума æнæ уонæй цæрун нæ базонидæ. Æма куд нæ! Исахур сæбæл æй сауæнгæ сувæллони бонтæй фæстæмæ. Фал ку рагъуди кæнæн, уæд хуæнхтæ ’нцæ нæ алибони сагъæс, мæтæ æма зæрди медхъурдохæн дæр. Æности дæргъи нæ фидтæлти рæвдудтонцæ сæ ратгæ сойнæй. Дзæвгарæ тъæпæнтæ цудæнцæ хумæгонд, фонсæргъæуттæ, фусвонси дзогтæ берæ адтæй хуæнхаг гъæути алливарс хезæнуæтти.

Дзубанди айдагъ гъæууонхæдзарадон продукцибæл нæ цæуй. Æрæги дæр ма дæсгай минкъий гидроэлектростанцитæ арæзт адтæй хуæнхаг цæугæдæнттæбæл. Электрон тухæй æфсастонцæ промышленнон, гъæууонхæдзарадон кустуæтти, хуæнхаг гъæути. Нæ зæрдитæ нин рохс кодтонцæ, санаторон-курортон, туристон-экскурсион, альпинизм æма æндæр къабæзти хæццæ къохи ци æнтæстдзийнæдтæ æфтудæй, етæ дæр. Нуртæккæ раздæри æрдзон пайдатæй нецибал уинæн. Анзæй-анзмæ иронхуати изайунцæ кæрдæггин уæлвæзтæ æма хумгæндæн бæзгæ агъазиау зæнхитæ.

## ДÆ ХУАРЗИ ХУАРЗБÆЛ АРХАЙÆ, ÆМА СИ ХУАРЗ ИССЕРДЗÆНÆ!..

Фагæ нæ архайæн хуæнхбæсти гъæздугдзийнæдтæй пайда кæнунбæл. Æнæхæдзардзин ке ан, уой туххæй ба нин хуарз рæуонæ фæууй, гъома, дан, тæссаг æй, æрдзæ хъоргонд ку баййафа, уомæй. Е дæр æвæдзи раст æй. Адæймаг æма æрдзи æмархайдæн алли хатт æ фæстеугутæ бæллеццаг нæ фæуунцæ. Фал хуæнхбæсти гъæздугдзийнæдтæй фидибæстаг æма фæсарæйнаг фæлтæрддзийнæдтæй ку пайда кæнæн, уæд æрдзæбæл дæр неци фидбилизтæ æрцæуудзæнæй.

Нуртæккæ хуæнхбæстæмæ æргомздæхт æй абони домæн. Базарадон экономики закъæнттæ æгъатир æнцæ. Идарддæр анзæй-анзмæ зиндæр уодзæнæй республики цæргути хуайрагæй æфсадун. Мадта исонбони нæ уодзæнæй электрон тухæ, æндæр тухи хузтæ амал кæнун æма адæмæн урух фæлхасади товартæ уадзун дæр. Устур ахедундзийнадæ уодзæнæй, фиццагидæр, бартерон рахасддзийнæдтæн. Гъæуама нæмæ æнæмæнгæ уа æндæр цæрæн хуастæй баййевæн кæмæн уа, уæхæн товартæ кенæ ба хомаг. Аци гъуддаги нæ хуæнхбæсти ес берæ гæнæнтæ æма мадзæлттæ, фал нæмæ Цæгат Иристони экономики ахедгæ нæ ’нцæ.

Куд загътон, уотемæй абони уавæри республики 600 мин цæрæги (никки ма Хонсар Иристонæй раледзæг 100 мин адæймаги) хуайраги продукттæй æфсадун нуртæккæ махæн æй нæ аллибони сагъæс. Цæмæн ку бафæрсайтæ, уæд нæмæ зæнхæ минкъий ес æма мæнæуæ, пириндз, æндæртæ ба гъæуй ласун æндæр рауæнтæй. Базарадон экономики ирæзти цæрæн хуастæ амал кæнун ба минкъий материалон фæрæзнитæ нæ домуй. Нури уæнгæ фагæ гæнæнтæ æма равналæнтæ нæййес фонсдаруйнади, гъæууонхæдзарадон æндæр продукци цæмæй ласæн, кенæ цæмæй æййевæн, уомæн.

Еци тухстаг уавæр исаразуни туххæй ахсгиаг гъуддаг æй хуæнхбæсти æрдзон гъæздугдзийнæдтæй хуарз пайдатæ есун. Куд æма циуавæр уавæрти, уобæл гъæуама берæ ма гъуди кæнæн. Фиццагидæр, байархайун гъæуй фермерти хæдзарæдтæ исаразун. Алкæмæн дæр зундгонд æй, будуйрон уавæрти фемерти фæллойнæ æнцондæр ке æй, е. Бæлвурддæрæй зæгъгæй, ами фермерти фарсмæ ес домбай хæдзарæдтæ. Зæнхæмæ базелунмæ техникæ байхуæрсун дессаг нæй. Мадта тауæн æрмæг, химикаттæ балхæнунæн кенæ цæттæ продукци рауæйæ кæнун дæр къохи æнцондæрæй æфтуйуй.

Дзубанди дæр ибæл нæййес, фермери фæллойнæ хуæнхаг уавæрти уæлдай зиндæр æй. Байархайун гъæуй уобæл, цæмæй син райдайæнти агъаз лæвæрд цæуа паддзахади ’рдигæй. Цæмæн ку фæрсайтæ, уæ цард нæуæгæй рапарахат кæнун хуæнхбæсти æнцон нæй. Хуæнхаг фермертæй фонс ка дара, хуар æма халсарти культуритæ ка зайун кæна, етæ гъæуама иннети хузæн хъалонтæ ма федонцæ. Мадта син æндæр фадуæттæ дæр исаразун гъæуй.

Раст ку зæгъæн, уæд пайдайаг хæдзарæдтæ исаразæн ба куд нæййес хуæнхбæсти. Ами фæстаг 30-50 анзи хумгæнди зæнхитæ фæммнкъийдæр æнцæ 99,5 процентти, игуæрдæнтæ – 79,5, хезæнуæттæ ба – 50,7 процентти. Дессаг куд нæ ’й, фал уæлдæр байамунд æнзти сторвонси нимæдзæ фæмминкъийдæр æй 91,7 мин сæри, бæхтæ – 76,0 мин сæри, сæгътæ æма фусти нимæдзæ ба æмбес минкъийдæр фæцæй. Хуæнхбæстæмæ хæдзарддзин цæстæй ке нæ кæсæн, уой туххæй фонсдаруни продукттæй уæлдай хуари культуртæ, картоф, халсартæ æма рæзæ дæр дзæвгарæ фæмминкъийдæр æнцæ нæ республики.

Уæхæн уавæрæн идарддæр бухсæн нæййес. Хуæнхаг гъæути адæмон депутаттæй æнхæсткоми нуртæккæ байархайун гъæуй, цæмæй раздæр пайда ка лæвардта, еци зæнхитæ æвæстеуатæй дехгонд æрцæуонцæ фермерон хæдзарæдтæбæл.

Аци гъуддаг алкæддæр хъаугъайаг фæууй фулдæр рауæнти. Берети фæффæндуй колхозон-совхозон кустадæ исхъаурæгиндæр кæнун хуæнхбæсти. Нури уæнгæ си ци пайдатæ фæууидтан, е зунд æй. Зæгъæн, Ирæфи æма Горæтгæрон районти фæстаг æнзти ци хуæнхаг хæдзарæдтæ арæзт æрцудæй, етæ нур дæр сæ къæхтæбæл нæма ислæудтæнцæ, цæунцæ бонæй-бонмæ æгудзæгдæрмæ.

## АХСГИАГ ФАРСТА ÆВÆГÆСÆГÆЙ ГЪÆУАМА МА ИЗАЙА!..

Нури рæстæги ахсгиаг фарста æй, цæмæй фермерон хæдзарæдтæ арæзт цæуа хуæнхбæсти. Уæхæнттæ бал ес Ирæфи, Алагири районти æма фиццаг къахдзæфтæ кæнунцæ æнтæстгинæй. Фал хуарз гъуддагæн алли хатт дæр æ райдайæн зин фæууй. Хуæнхаг фермитæ ци кустбæл ниффедар уонцæ, уобæл рагацау лæмбунæг рагъуди кæнун фæгъгъæуй, цæмæй исонибон фæсмонгонд ма фæууонцæ, уой туххæй.

Ами мæ цалдæр загъди зæгъун фæндуй Цæгат Иристони, Кавкази, Фæскавкази æма Астæуккаг Азий фермерти фæлтæрддзийнади туххæй. Хуæнхон хæдзарæдтæн уæлдай пайдадæр æй фонсдаруни куст кæнун: фустæ, сæгътæ, бæхтæ дарун, халсартæ зайун кæнун æма хуаллæгти куст ба дæттунцæ минкъийдæр пайда.

Алкедæр хуарз зонуй æнæ хуаллæгти федар бундорæй фонс дарæн нæййес. Хуæнхбæсти хезæнуæттæ æма игуæрдæнтæмæ ку ракæсай, уæд кæуйнаг уавæри ’нцæ. Гъуддаг уотæ ’й æма аллира-



***деденгутæ, зæнхæ ке адтан. Растдæр зæгъгæй ба, е æй, нæ алливарс дуйней хæццæ еу ке ан, фал ни е мæрдиронх ке фæцæй. Амонди ахсгиагдæр æууæлтæй еу æй, адæймаг æма æрдзи бастдзийнадæ ихæлд ку нæ цæуа, гъома, цæрæ игон арви буни, хори рохсмæ, кæдзос уæлдæфи, æмхец уо зæнхи хæццæ, зайæгойти хæццæ, цæрæгуодти хæццæ...»***



уæн дæр замманай тъæпæнтæ хæмпæли буни фæцæнцæ. Рæстæмбес нимадæй алли гектари дæр хуæнхбæсти сæйраг хæмпæлгæрдæг кæндус фæууй 70-80 мин зæнги.

Гъулæггагæн, дæргъвæтийнæ рæстæг хуæнхбæсти хезæнуæттæ æма игуæрдæнти кæдзосдзийнадæбæл неке тухсуй. Хæмпæлгæрдæги нихмæ тох ни ке феронх æй, уой туххæй сæдæгай æма саугæнгæ мингай гектартæ нецибал дæттунцæ пайда. Хезæнуæттæ æма игуæрдæнти хæмпæлгæрдæг фесафунæн ба берæ дессæгтæ нæ гъæуй. Зæгъæн, кæндус цæмæй басор уа, уой туххæй æй сæрди мæйти фæгъгъæуй никкæрдун. Аци куст бакæнун ба колхозтæ æма совхозти разамонгути гъудий дæр нæй.

Нуртæккæ уотæ ’й æма сторвонси æма фусвонси дзогтæ фиййæуттæ берæ рæстæг фæддарунцæ еу кенæ иннæ хезæнуæтти æма пайдайаг кæрдæг хуæрд æрцæуй бундзарæй, хæмпæлгæрдæг ба æнæгъигæдардæй байзайуй. Уавæр уомæ æркодта æма маргæйдзаг зайæгойтæ тагъд ирæзунцæ æма анзæй-анзмæ ахæссунцæ фулдæр тъæпæнтæ. Цума хуæздæр нæ уидæ, фонс ахиддæр ку æййевиуонцæ сæ хезæн бунæттæ, уæд? Ævæдзи, фермерон хæдзарæдтæ ку исирæзонцæ хуæнхбæсти, уæд хуæздæр каст цæудзæнæй сæ бæрни ци зæнхитæ ес, уонæмæ дæр.

Аци гъуди мæ фæндуй никки бæлвурддæр зæгъун. Хуæнхаг фермерæн зæнхæ лæвæрд ку 'рцæуа, уæд имæ хæдзардзиндæр цæстæй ракæсдзæнæй. Фадуат фæууодзæнæй хезæнуатмæ кенæ игуæрдæнмæ гъæцæнтæ бахæссунæн, кæрдæги тиллæггун алли хузтæ байтаунæн. Ке фæндуй хæмпæлгæрдæг æ зæнхæбæл уа, е. Еузагъдæй, берæ гæнæнтæ æма мадзæлттæ ес хуæнхбæсти хуаллæгти агъазиау бундорæй куд æнгъезуй, уотæ пайда кæнунæн.

Ахсгиаг фарста идарддæр уадзæн нæййес. Хуæнхбæсти хезæнуæттæ æма игуæрдæнтæ æнцæ республики æхсæнадон æма хецæн адæймæгути фонси хуаллаги бæркад. Куд тагъддæр си хуæздæр пайда кæнун райдайæн, уотæ нæ цард гъæздугдæр уодзæнæй. Нæуæгдзийнади размæ цæлхдортæ ка æвæруй, рæстæги домæн нури уæнгæ ка нæма балæдæрдтæй, етæ ба рæдуйгæ кæнунцæ. Нæ зонунцæ берæ æнзти размæ хуæнхбæсти ке дардтонцæ нуртæккæ нæ республики колхозтæ æма совхозти цæйбæрцæ фонс ес, уомæй æртæ хатти фулдæр.

Нæ дзубанди айдагъ фонс дарунбæл нæй. Зæнхи кусти специалистти гъæуй хуæнхаг рæзæдæнтти куст фæххуæздæр кæнун дæр. Нури уæнгæ иронхуати цæмæн байзадæй, уомæн ба неци рæуонæ ес. Дигори, Курттати, Хъобани кæмтти



раздæр ци дессаги рæзæдæнттæ адтæй, етæ абони дæр ма адгин имисуйнæгтæй байзадæнцæ хестæрти зæрдити. Ævæдзи, фæсевæд дæр æригъустайуонцæ Унали рæзæдзæхæрадæнтти кой. Ами ци сурхфазæ фæткъутæ æма кæрдтутæ задæй, етæ къуар хатти адтæнцæ Мæскуй Адæмон Хæдзаради Æнтæстдзийнæдти Равдисти.

Бæлвурд куд æй, уотемæй хуæнхон рæзæмæ ес берæ хуарз менеугутæ. Фæткъутæ æма кæрдтутæ цийфæнди анз дæр фæуунцæ сæкæргун, ирд сæ цъарæ – лигъз æма æрттевагæ. Сауæнгæ уалдзæги мæйтæмæ дæр фæллæуунцæ æнæгъигæдардæй. Сæйрагдæр хуæнхон рæзæдонæ аразæн ес хуари æма æндæр культуритæ тауæн кæми нæййес, уæхæн æнæпайда зæнхити.

Бафеппайун гъæуй уой, æма гъар бæнттæ минкъийдæр фæуунцæ хуæнхбæсти. Аразæн æрмæг гъæуама уа бонигъæдæн фæразон. Зæгъæн, будури зони гъар рæстæг рахæссуй 8-9 мæйи, хуæнхбæсти ба 5-6 мæйи. Цубурдзурдæй, аразун гъæуй, тагъд ка цæттæ кæна, уæхæн рæзæбæлæстæ. Зундгонд ахургонд, профессор П.Г. Шитт берæ рæстæг архайдта нæ республики рæзæдæнтти куст фæххуæздæр кæнуни гæнæнтæ æма мадзæлттæ æртасунбæл. Дзурдта, зæгъгæ, Цæгат Иристони зæнхæбæл æрзайгæ рæзæ кæддæриддæр фæуунцæ хуæрзадæ. Ахургонди дзубандитæ раст ке ’нцæ, е еу æма дууæ хатти нæ рабæрæг æй. 1940 анзи Мæскуй адтæй æрдзи лæвæртти равдист æма си алагираг «сау кæрдту» æма «беребоск»-æн лæвæрд æрцудæй Гран При.

Уомæй уæлдай профессор П.Г. Шитт фæндæ бахаста, цæмæй рæзæдæнттæ арæзт æрцудайуонцæ хуæнхбæсти, фулдæр ба Уæллагири, уæдта Дигори, Ирæфи, Горæтгæрон районти æма Арæхъи рæгътæбæл. Гъулæггагæн, кæд махмæ зæнхæ кадавар æй, уæддæр берæ æнзти дæргъи рæзæдæнттæ къилдунти аразуни бæсти колхозтæ, совхозти разамонгутæ аци гъуддагæн радех кæнунцæ будуйрон гъæздуг зæнхитæ. Æнæхæдзардзин фæллойнæн ма цума хуæздæр æвдесæн уодзæнæй?

Совхоз «Раздзæуæг»-и фæллойнæгæнгутæ ба æндæр цæстæй ракастæнцæ сæ зæнхитæмæ. Къуар анзей размæ Дорти коми къилдунтæбæл нийййаразтонцæ чиуали, алтъами, кæрдту, фæткъу æма æндæр рæзæбæлæстæ. Нур рæзæдæнтти фæзуат æй 600 гектарей бæрцæ æма минкъий æфтуйæггаг нæ хæссуй хæдзарадæн.

## ДÆ КУСТ КУД УА, ДÆ ПАЙДА ДÆР УОМÆ ГÆСГÆ УОДЗÆНÆЙ!..

Раст ку зæгъæн, уæд хуæнхбæсти æвналæнтæ минкъий нæ ’нцæ. Сæрди мæйти ку ракæсай, уæд хуæнхти фæхстæ, къилдунтæ деденæг фестунцæ. Цалдæр анзей размæ бафтудтæн Суаргоммæ, уойбæрцæ муддартæ си адтæй æма ма ме ’мбæлттæ дес дæр бакодтонцæ. Айæ, мудгун ком ку æй, зæгъгæ. Æз ма уотæ æнгъæл дæн æма нæ республикæ æнæгъæнæй дæр æй, мудибиндзити кустæн хуарз фадуæттæ кæми ес, уæхæн алæмæти бæстæ. Мадта аци гъуддаги беретæмæ ес арæхстдзийнадæ дæр æма муддарæг фермерон хæдзарæдтæ исаразун гъæуй хуæнхбæсти æма хуæнхрæбун районти. Сæ пайда уодзæнæй еумæйаг. Мудибиндзитæ муд хæссунæй уæлдай агъаз кæнунцæ аллихузон зайæгойти ругæдзаст кæнунæн дæр – пайда уодзæнæнцæ колхозти, совхозти æма хецæн адæймæгути рæзæдæнтти тиллæги æрзадæн.

Цæгат Иристони хуæнхон æма хуæнхрæбун районти æрдзон гъæздугдзийнæдтæ минкъий нæ ’нцæ. Рагæй нурмæ дæр си бунæттон цæргутæ арæхстгинæй пайда кæнунцæ. Уæлдай фулдæр бæркад фæууй гъæдæхгæд къилдунти æма тæрфити. Æрдзи гъæбесмæ бафтуйгæй зæрдæ фæцциййнæ кæнуй гъæддаг лискъæф, нинæгъ, дзæдурæ, сау нæмуг, æхсæрæ, фæткъу, кæрдту, æндæр рæзæ æма гагарæзæ уингæй.

Гъулæггагæн, æрдзи гъæздугдзийнæдтæ промышленнон æгъдауæй фагæ кустгонд нæ цæунцæ. Уотемæй ба гъæддаг рæзæ æма гагатæй конд аллихузон дæнттæ, павидлæ, джемтæ, компоттæ уæлдай хуæрзадæдæр фæуунцæ, экологион æгъдауæй ба – кæдзос.

Нуртæккæ берæ хуастæ иссерæн нæййес республики аптекити. Базарадон экономикæн ес æхе æууæлтæ æма домæнтæ. Кæд адæмон хæдзарадæ фæккиудтæй æма исмæгур ан, уæд æвæстеуатæй мадзæлттæ агорун гъæуй. Дзубанди уобæл цæуй, æма аллихузон хуасæгæнæн кæрдæгутæ берæ ирæзуй республики хуæнхаг æма хуæнхрæбун районти. Аллирауæн дæр нæ гæнæнтæй, куд гъæуй, уотæ нæ пайда кæнæн. Алли анз адæмон медицини ахсгиаг ка гъæуй, уæхæн хуасæгæнæн зайæгойтæ дзæгъæли фесæфунцæ хуæнхти фæхстæ æма æрдзон игуæрдæнти.

Алли гъуддаги дæр сæрæн ун гъæуй. Хуарз уидæ, рæзæ, гагатæ æма хуасæгæнæн кæрдæгутæ ка æмбурд кæна, уæхæн фермерон хæдзарæдтæ арæзт ку æрцæуидæ нæ республики, уæд. Фулдæр адæм ба зийнадæ кæнунцæ, нæуæгдзийнади арæхстдзийнадæ равдесунмæ сæмæ нифс нæ фæууй æма нæ къæхти буни цæрæнбонти ци хуарздзийнæдтæ ес, уони исесун дæр нæ зонæн. Фал абони дзæгъæли ракæнæ-бакæнæн рæстæг нæййес. Гъæуама хæдзардзинæй пайда кæнун райдайæн хуæнхбæсти алæмæти гъæздугдзийнæдтæй. Уæд нæ исонибон хиццагдæр уодзæнæй.

***

**РЕДАКЦИЙÆЙ.** ***Еума хатт æй зæгъæн, Беруати Бариси æрмæг кæд рагон æй, уæддæр æй абони ба нæуæгæй уомæ гæсгæ мухур кæнæн, æма, цæй туххæй си зæгъуй æ гъудитæ, етæ абони дæр хъæбæр ахсгиаг æма сæмæ æркæсуни аккаг æнцæ. Цидæртæ си, арази ан, нуртæккæ еуцæйбæрцæдæр æндæр хузи зиннунцæ, фал еумæ райсгæй ба си ес, цæбæл расагъæс кæнæн æма æнæмæнгæ æргом цæмæ раздахун гъæуй, уæхæн фæззелæнтæ. Уой фæдбæл ма нæ газети иннæ номерти сæрмагондæй ниммухур кæнуйнаг ан хецæн æрмæгутæ.***








***«Адæймаг цалинмæ æ Хуцау не ‘ссера, уæдмæ æ надæй дзæгъæлтæ кæндзæнæй, æ гъуддæгутæй арази некæд уодзæнæй. Сувæллæнттæ кенæ адæми сæрбæлтау цæрæн нæййес. Кæд дин Хуцау нæййес, уæд ма цæй оххайбæл цæргæ ‘й, уæд рамæлун гъæуй...» Уотæ кæддæр финста номдзуд уруссаг финсæг Антон ЧЕХОВ. Сумах ба куд гъуди кæнетæ?***

*Мæнæ дæлдæр ци æрмæг мухур кæнæн, уоми ци хабæртти кой цæуй, етæ æцæгæй адтæнцæ. Уони туххæй хецæн уацтæ беретæ финстонцæ, саусæнгæ ма нæ номдзуд ахургонд, историон наукити доктор, профессор Кокити Геуæрги дæр ниффинста документалон уацау.*

*Уони ‘хсæнæй равзурстан Къорнати Мухарбеги финст уац. Мухур ба ‘й уомæ гæсгæ кæнæн, æма кæд еци хабæрттæ раги æрцудæнцæ, уæддæр уой аккаг æнцæ, цæмæй расагъæс кæнæн, куд цæрæн, æма адæми ‘хсæн нæ карни гъуддæгутæ аразгæй циуавæр зæрдихатт раведесæн, нæхе пайдайæн архайун исфæндæ кæнгæй, расагъæс кæнæн, иннети карнæбæл ба е ци хузи фæббæрæг уодзæнæй, уобæл. Æвæдзи, нæ рагъуди кæнæн. Æма, мæнæ ци хабæртти кой ракæнуйнаг ан, етæ куд æверхъауæй фæббæрæг æнцæ уоййасæбæл берæ адæми карнæбæл, уотæ кедæрти хецмæрези фудæй никкуддæртæ унцæ иннети царди хабæрттæ.*

*Еузагъдæй, бакæсетæ аци уац, расагъæс кæнетæ, ка ни кутемæй цæруй хеуæнтти хæццæ дæр æма дзилли ‘хсæн дæр.*



**КЪОРНАТИ Мухарбег**

# УАРЗТИ ФУДВÆНДАГ

КЪОРНАТÆ цардæнцæ æма абони уæнгæ дæр цæрунцæ Киристонгъæуи (нуртæккæ Дигорай), ледзгæ ба ракодтонцæ Дигоргомæй. Устур æма бонгин муггаг адтæнцæ Къорнатæ. Адтæй сæмæ курухон, æгъдаугин зæронд лæгтæ дæр. Уонæй еу атæй Бега. Тоггинти бафедаун кæнунмæ, кенæ ба минæварæн Киристонгъæуи алкедæр агурдта Къорнати Бегай. Агурдтонцæ ‘й, уомæн æма цъухæй дæр, уæдта ирон æгъдæуттæмæ дæр дæсни адтæй.

Бега адтæй хæтагæ лæг. Зудта кæсгонау дæр. Æ фиццаг уосæ адтæй кæсгон æлдар Абати кизгæ. Æ дуккаг уосæ ба – Бесолтæй. Фиццаг уосæй ин рацудæй æртæ фурти, дуккагæй – æхсæз фурти æма еу кизгæ.

Кæсгон хуæрифурттæн сæ хестæр хундтæй Алихан, астæуккаг – Аслæнбег, кæстæр – Салат. Сабийтæ ма ку адтæнцæ, уæд иуазæгуати ахид цудæнцæ сæ мади 'рвадтæлтæмæ. Абатæ – гъæздуг хæдзарæ адтæнцæ, сæ бæхæргъæуттæн, зæгъуй, нимæдзæ дæр нæ адтæй. Абатæ сæ хуæрифуртти барæвдауиуонцæ кæсгон саулох байрæгтæй, кенæ ба догъон бæхтæй. Уомæ гæсгæ сабийтæ хъæбæр æновуд адтæнцæ бæхтæбæл.

Бегай хестæр фурт Алихан бæхбæл бадунмæ æ разæй неке рауагътайдæ. Финддæс анзи ибæл ку рацудæй, уæд æй еу бонгин французаг æхецæн бæхбадæгæн ракодта Парижмæ. Æма уоми хъæбæр хуарз базудта французаг æвзаг. Еууæхæни си æрбайгъустæй хабар: французаг гъæздуг кизги ракурдта. Уобæл цæйбæрцæ рацудæй, ка ‘й зонуй, уотæ бабæй нæуæгæй æрбайгъустæй, Алиханæн дууæ кизги райгурдæй, зæгъгæ.

Парижи цæргæй дæр Алихан æ райгурæн хæдзарæбæл устурзæрдæ нæ кодта. Ахид финста сæхемæ, уæдта æхца дæр æрвиста æ мадæ æма æ фидæн. Æцæг æхуæдæг некæд иссудæй æ райгурæн бæстæмæ, къæндзæстуг ке адтæй, уомæ гæсгæ. Къæндзæстуг ба уомæн адтæй, æма рагон æгъдæуттæмæ гæсгæ, ирон адæми ‘хсæн хуарз цæстæй нæ кастæнцæ æндæр адæмихаттæй уосæ ка ‘рхонидæ, уомæ.

Бегайæн æ иннæ дууæ фурти – Аслæнбег æма Салат кодтонцæ сау куст. Дууемей дæр – косагæ. Хæдзари сæмæ адтæй галтæ, бæхтæ, гъоцитæ, фустæ. Айдагъдæр æййафтонцæ зæнхæгъæуагæ, фал еске зæнхæ æмбесбæл бакæниуонцæ æма сæмæ нартихуар дæр уидæ.

Аслæнбегбæл еу æма инсæй анзи ку исæнхæст æй, уæд имæ фæдздзурдтонцæ дивизионмæ. Ци амал адтæй – æ халæ исхаудтæй æма æфсæддон гъуддаги рандæй Стъараполмæ. Дивизиони бакуста дууæ анзи æма ‘рдæг. Анзи ‘рдæг ма ‘й ку гъудæй, уотемæй райдæдта Япониј тугъд. Аслæнбеги рарвистонцæ тугъдмæ. Беретæ бабун æнцæ Японий тугъди, фал Аслæнбегæн æ амонд адтæй æма хуæрзеугути хæццæ исæздахтæй.

Еу бон ку адтæй, уæд Аслæнбег исфæндæ кодта æ мади 'рвадтæлти бабæрæг кæнун. Хуæрифурти лæварæн ин ци сау бæх балæвар кодтонцæ, уобæл æрбабадтæй æма рараст æй балций Кæсæгмæ.

Хор нæма искастæй, уотæ æригъал æй Абати гъæу. Адæм галуæрдунтæй æма бæхуæрдунтæй цудæнцæ кустмæ. Фонс ратардтонцæ будурмæ. Сабийтæ дæр уесин «бæхтæбæл» раскъардтонцæ хезунмæ уæрикрити æма уæсити. Сæ фæсте ба уадæнцæ куйтæ. Уоститæ æма кизгуттæ къуæрттæй цудæнцæ гогойнити хæццæ донмæ. Силгоймæгтæ идардмæ ку рауиниуонцæ нæлгоймаг, уæд сæхе бафæсвæд кæниуонцæ, цалинмæ райевгъуиуонцæ, уæдмæ.

Аслæнбег ма тарфунæй адтæй.

– Е циуавæр фунæй æй? Фестæ уæлæмæ! – къæразгæ ниххуаста фусунти кизгæ Азаухан.

Аслæнбег базудта Азаухани æ гъæлæси угæй. Рагæпп кодта æ хуссæнæй æма æ дзаумæуттæ кæнунмæ фæцæй.

Азаухан фæммедæг æй иуазæгдонæмæ, райста хъувгъан æма дзоруй Аслæнбегмæ:

– Абони æз æма ду кумæ цæуæн, уой зонис?

– Цæмæй æй зонун, ку неци мин загътай, уæд?

– Абони Къуадзихъти гъæуи устур гъазт ес. Фиццаг хатт цæун гъазтмæ… æма мæ хæццæ рацо.

– Дæу туххæй, мæ еунæг хуæрæ, æз мæхе Терки дони дæр багæлдздзæнæн, – загъта Аслæнбег.

Азаухан цийнæгæнгæй фендæдуар æй. Аслæнбег дæр æхе рæвдзæ кæнунмæ фæцæй. Сæракдзабуртæ, сæраксæнгæйттæ искодта, æма сæ балваста æвзестæ зæнгбæттæнтæй. Искодта сау сгæлладæ цохъа, сугъзæрийнæ донитулд æвзестæ бæрцити хæццæ. Æ нарæг астæу ба балваста сугъзæрийнæ донитулд æвзестæ хъæма æма ставдхæтæл дамбацай хæццæ. Æ сау даргъ бецъотæ расæрфта фæйнердæмæ, райста саргъ, нимæт æма рацудæй тургъæмæ. Уоми лæудтæй тачанкæ ефтигъдæй. Хуæрзæрæстæй фæззиндтæй Азаухан дæр. Даргъ пъолци ибæл дувæлдæхт дусти хæццæ. Æ сæрбæл – зæрийнæ, æрттевгæ хæлттæй арæзт ходæ, уой уæле мора сæрбæттæн, æ астæубæл, Аслæнбег ин ци ронæ исласта, е æма реуигънæгутæ. Æ къæхтæбæл – сурх сæракдзабуртæ.

Азаухан сæ синхон кизги хæццæ исбадтæй тачанки фæлмæн бадæнбæл. Бæхтæрæг син адтæй Азаухани æнсувæр Аслан. Исбадтæй Аслæнбег дæр æ бæхбæл. Рараст æнцæ Къуадзихъти гъæумæ.

Къуадзихътæ кæсæгæн адтæнцæ сæ астæуккаг æлдæрттæй. Сæхецæн – хецæн гъæу. Дардтонцæ берæ косгутæ.

Къуадзихъти муггаги хестæр Хадзимурзæн адтæй фурттæ: Нану, Хадзимурзæ, Темурхъан, Таухъан æма Алихан, уæдта дууæ кизги: Хадизæт æма Фаризæт. Фаризæт – сувæллон, Хадизæт ба – æвддæсанздзуд. Хадизæт дæр Азаухани хузæн абони фиццаг хатт рацудæй гъазтмæ. Хонгæ ба ‘й ракодтонцæ æ фæсдзæуинттæ, сæ косæг кизгуттæ. Æцæгæлон биццеутæй Хадизæти некæд неке фæууидта: кæсгон æлдæртти æгъдæуттæмæ гæсгæ, кизгæн æндæмæ цæуни барæ нæ адтæй, изæрæй донмæ æ косæг кизгутти хæццæ кæд рацудайдæ, æндæр. Уæддæр æ рæсугъди кой райгъустæй иннæ гъæутæбæл дæр. Æма нур Хадизæт гъазтмæ ку фæззиндтæй, кизгутти æмрæнгъæ ку ‘рлæудтæй, уæд биццеутæ нæ, фал ма имæ кизгуттæ дæр кæрæдзей сæрти кастæнцæ.

Аслæнбег Хадизæти рауидта æма имæ къехæй кæсгæ райзадæй. Æмдзæгъд кæнун куд райдæдта, уой æхуæдæг дæр нæ балæдæрдтæй. Фал æ кеми ку ‘рцудæй, уæд æхецæн загъта: «Аци кизги хæццæ æнæ еу кафт ракæнæн нæййес».

Гъазт карзæй-карздæр кодта. Биццеутæ æнгъæлмæ кастæнцæ, Хадизæт нур рацæудзæнæй, уæд рацæудзæнæй кафунмæ, зæгъгæ…

Фæстагмæ рацудæй Хадизæт кафунмæ. Æнхæст нæма фæххецæн æй кизгутти рæнгъæй, уотæ биццеутæ аллирдигæй гæппитæ кæнун райдæдтонцæ кафунмæ. Аслæнбег дæр фæстегæй кæми байзадайдæ: Хадизæт еу ампъез дæр нæма ракодта, уотæ уайтæккæ æ рази февзурдæй.

– Иуазæгæн æмдзæгъд! – кадæр фæгъгъæр кодта биццеути ‘рдигæй.

Кæсгон æлдар Хъуадзихъти Хадзимурзи кизги æ разæй ку райста Аслæнбег, уæд имæ еугурæйдæр кæсгæ байзадæнцæ. Кизгæ æнхæст нæма æрзелидæ, уотæ ‘й Аслæнбег, раст айнæг ехбæл куд зела, уотæ æртæ зилди æркæнидæ.

Хадизæтмæ дæр неци фау æрхæссæн адтæй фезмæлдæй дæр æма уиндæй дæр. Уотæ рæсугъд æма уотæ рæуæг кафта, æма æ къахи буни карки айкæ дæр нæ расастайдæ. Кафгæ-кæфун æ дæллагхъуртæ ку фезмæлиуонцæ, уæд си цума хортæ æма мæйтæ кастæй, уотæ цæхæртæ калдтонцæ.

Аслæнбег æма Хадизæтæн ерисæй кафт байеудагъ æй. Еу фæззилди ба Аслæнбег фелваста æ дамбаца æма ‘й Хадизæти къæхти буни ниццавта. Кизгæ тæрсгæ нæ, фал æ цæстæ дæр нæ фæнникъулдта.

Уæдта Хадизæт æхе байста фæстæмæ кизгутти размæ. Аслæнбег кафгæ-кафун бацудæй кизги размæ, арфæ ин ракодта, æхуæдæг биццеути æмрæнгъæ æрлæудтæй.

Нæбал ракумдта Хадизæт кафунмæ. Аслæнбег дæр нæбал ракафта. Гъазт нæма фæцæй, уотæ Хадизæт æ фæсдзæуийнæ кизгутти хæццæ сæхемæ фæрраст æй. Фæццæуæнцæ, уой ку рауидта Аслæнбег, уæд Азауханæн цæстингасæй балæдæрун кодта, цæугæ син ке ‘й сæхемæ, уой. Азаухан æма е ‘мбал кизгæ дæр рацудæнцæ гъазтæй.

– Дæ хуарзæнхæй, ке кизгæ ‘й Хадизæт? – бафарста Аслæнбег Азаухани.

– Дæ зæрдæмæ фæццудæй? – бахудтæй Азаухан.

– Хадизат æй Къуадзихъти æлдар Хадзимурзи кизгæ, – загъта Азаухан.

Аслæнбег «æлдари кизгæ», зæгъгæ, ку райгъуста, уæд ин цума æ цæсгонбæл цæхæр бакалдтонцæ, уотæ сурх-сурхид рацæй, уæдта æ гъудитæн дзуапп дæттæгау загъта: «Зæрдæ

**Дагестайнаг сæнæфсерикустгæнæг, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Иван Якови фурт Болбаси райгурдбæл 10 октябри æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи.**

***Рагонкитайаг трактат «Гуан Инь-цзы»-йи финст ес: «Е 'мбал кæсæлгити хузæн ун ке нæ фæффæндуй, е æхе рагæлдзуй билæмæ æма рамæлуй. Е 'мбал тигрти хузæн ун ке нæ фæффæндуй, е хуæнхтæй сахармæ æрцæуй æма уоми къалатий бахауй. Зундгин иннетæй нецæмæй хецæн кæнуй, æма ин æ размæ цæлхдортæ æвæрæн нæййес…»***

муггагæй нæ фæрсуй». Цохъай дусæй раласта уорс зæлдагæ фийсæрфæн, æ дзиппæй ба исиста минкъий сугъзæрийнæ сахат æма сæ Азауханмæ равардта:

– Мæ еунæг хуæрæ, мæнæ аци фийсæрфæн æма сахат ести амалæй Хадизæтбæл исæмбæлун кæнæ.

– Уобæл ба цæбæл тухсис? Мæ барæ уадзæ, – загъта Азаухан æма е 'мбал кизги хæццæ рацудæнцæ.

Аслæнбегæн дæр æ бæх æ фæсте цудæй, уотемæй, Аслани ци хæдзари нииуагътонцæ, ордæмæ рараст æй. Тачанкæ исæййафта ефтигъдæй. Бæхи фæсте ци хуасæ байзадæй, уой Аслан æхси гъæдæй æмбурд кодта. Уæдмæ Азаухан дæр е 'мбал кизги хæццæ фæстæмæ фездахтæнцæ. Кизгæ Аслæнбегмæ æхе хæстæг баласта æма 'й иннетæ куд нæ бафеппайдтайуонцæ, уотæ ин балæдæрун кодта, уæдта ин уорс зæлдагæ къохмæрзæн æ цохъай дзиппи ратъунста.

Кизгæ æма биццеу кæрæдземæн къохмæрзæнтæ равардтонцæ, зæгъгæ, уæд уой фæсте æнгъизтæй кизгæмæ баминæвар кæнун. Аслæнбег фурцийнæй æхецæн бунат нæбал ирдта, æ сæр зилдæй. Æхемæ ку 'рцудæй, уæдта Хадизæти минкъий уорс зæлдагæ къохмæрзæн æ галеу рони ратъунста æма бабæй æхецæн загъта: «Æцæгæй дæр зæрдæ муггагæй нæ фæрсуй».

Изæрдалингти æрбахъæрдтæнцæ Абати гъæумæ. Æртæ бони ма фæцæй Аслæнбег æ мади 'рвадтæлтæмæ, бæргæ ма 'й фæндадтæй Хадизæти фæууинун, изæрæй бæхбæл саргъ февардта, æма бамедæг æй Къуадзихъти гъæумæ. Хадизæти къæрæзгити бунти бæргæ рагъазта æ саулох бæхбæл, кæд фæууинидæ Хадизæти, зæгъгæ, фал æ къохи не 'фтудæй.

Аслæнбег баминæвар кодта æ хуарз æмгарæ Бегай мади æнсувæр Цæрамæ. Цæра ба гъæуама балæдæрун кодтайдæ Бегайæн Аслæнбеги фæндæ. Бега бафарста Цæрай, Аслæнбег æхецæн ке исаккаг кодта, е ка 'й, ке кизгæ 'й, зæгъгæ. Гъуддаг ку балæдæрдтæй, уæд сагъæсхуæзæй загъта:

– Нæ зонун, нæ зонун, Къуадзихътæ сау лæгæн сæ кизги радтонцæ, е ми не 'руагæс кæнуй. Фал зинг зæгъунæй ком нæ содзуй. Ци нæ фæууй, бавзардзинан нæ амонд.

Бега æма Цæра æрбадтæнцæ æма сагъæс кæнун райдæдтонцæ, ка исарæхсдзæнæй. Къуадзухътæмæ минæвар ке барветæн, зæгъгæ. Фæстагмæ равзурстонцæ дууæ хуарз зæронд лæги – Къорнати Хъубади æма Бесолти Дафай. Уонæн кæстæрæн ба Тогъузати Цæрай. Раст зæгъун гъæуй, дууæ зæронд лæги цъухæй дæр, æгъдауæй дæр, зундæй дæр æнхæст адтæнцæ. Дууæ тоггин муггаги бафедаун кæнунмæ кенæ кизгæ ракорунмæ Киристонгъæуи агурдтонцæ Хъубади æма Дафай. Еци дууæ зæронд лæги ци гъуддаги бацудæйуонцæ, уомæн æнæ исæнхæст кæнæн нæ адтæй. Сæ кой игъустгонд адтæй сауæнгæ Кæсæги дæр.

Нартихуар тонун нæма райдæдтонцæ адæм, уотæ Хъубади æма Дафа, сæ хæццæ кæстæрæн ракодтонцæ Цæрай, уотемæй сæумæраги рараст æнцæ Къуадзихъти гъæумæ.

Рæфтæмæ хæстæг адтæнцæ Абати гъæуи. Уордигæй сæ хæццæ надамонæгæн Аслæнбеги мадинсувæр Абати Хабаси ракодтонцæ æма изæрæрдæмæ бацудæнцæ Къуадзихъти гъæумæ.

Хъубади æма Дафа райстонцæ сæ лæдзгутæ, Цæра æма Абай-фурт сæ фæсте, уотемæй рараст æнцæ Къуадзихъти хæдзарæмæ.

Хадзимурзи сæхемæ баййафтонцæ. Æнахур иуазгутæн æгъдау равардтонцæ, уæдта син еблагъуæ загътонцæ медæмæ.

Иуазгутæн фингæ æрæвардтонцæ. Гагидауæ рауагътонцæ. Хъубади ракувта дууæ муггаги бахæстæгдзийнади туххæй.

– Бахатир кæнетæ, хуарз иуазгутæ, фал ке туххæй хъиамæт кæнетæ, уой нæма лæдæрун…

– Къорнати Бегай фурт Аслæнбег… – Дзурд нæма фæцæй Хъубади, уотемæй Хадзимурзæ исистадæй æ бунатæй æма загъта:

– Хуарз зæронд лæгти хузæн бæргæ айтæ, фал мæ уотæ хъæбæр бафхуæрдзинайтæ, уомæ ба уæмæ не 'нгъæлмæ кастæн. Куд мæмæ æрбахастайтæ уæ нифс минæвари номбæл, дæ кизги сау лæги фуртæн раттæ, зæгъгæ? Нури уæнгæ кæсгон æлдæрттæ хæстæгдзийнадæ кодтонцæ се 'мсæрти хæццæ. Сау лæги фуртæн Къуадзихътæмæ кизгæ нæййес!

Минæвæрттæ сахæй райзадæнцæ, цума син сæ билтæ ниццавта, уоййау. Уæдта сæ ниуазæнтæ фингæбæл æрæвардтонцæ æма исистадæнцæ. Еуминкъий ма æнæдзоргæй ралæудтæнцæ, уæдта сæ лæдзгутæ фæсдуарæй райстонцæ æма сæргубур, уæнтæхъелæй рараст æнцæ сæ фусунтæмæ, уордигæй ба æхсæвдзо ракодтонцæ Киристонгъæумæ.

Ку 'рбаздахтæнцæ, уæд сæ фæрсгæ дæр неке нецæмæй бал бакодта. Бæрæг адтæй, гъуддагæй ке неци рауадæй, е.

Аслæнбегæн фурмæстæй æ цæститæ тоги разилдæнцæ. «Мадта æз мадæ-фидæй нæ райгурдтæн, еци кизги æндæр ескæмæн ракорун ку бауадзон», – загъта æхенимæр.

Еууæхæни Аслæнбег бæхгинти хæццæ фæрраст æй æма бампурстонцæ Къуадзихътæмæ, Хадизæти раскъæфунмæ. Фал Хадизæт сæхемæ нæ разиндтæй: римæхст адтæй æ мади 'рвадтæлтæмæ. Скъæфгутæн Хадизæт сæ къохи ку нæ бафтудæй, уæд фæстæмæ раздахтæнцæ.

Къуадзихътæ балæдæрдтæнцæ, хуарз муггаги хæццæ ке нæй сæ дзурддаг, уой. Æма Хадзимурзæ сагъæси бацудæй, æ кизги лæгмæ æнæ ходуйнагæй ци амалæй радта, уобæл.

Хадизæти адтæй берæ коргутæ. Бустæги ба æ коргутæ исахид æнцæ, е 'скъæфун Аслæнбеги къохи ку нæ бафтудæй, уæд. Куд фæззæгъунцæ: «Зæйæ дæр зæйи гъæрмæ кæлуй». Къуадзихъти иуазæгдонæ нæбал ревæд кодта иуазæгæй – минæвæрттæй, æвдкъохон бæхбæттæн ба – иуазгути бæхтæй.

Цæйбæрцæ рацудæй, ка 'й зонуй, уæдта хабар рацудæй, Къуадзихътæ бафедудтонцæ Хъарадзаути хæццæ, зæгъгæ. Хъарадзаутæ адтæнцæ Къуадзихътæн се 'мсæр. Дууæ муггаги æцæгдзийнадæй бафедудтонцæ, сæ федуд ба кой кæнун не 'ндиудтонцæ Къорнатæй тæрсгæй. Бафедауни фæсте Хъарадзаутæ гъæуама Хадизæти æрхудтайуонцæ къуæрей бонмæ.

Хадизæт ку базудта, Хъарадзаутæн æй дæттунцæ, уой, уæд æхе марунмæ æрцудæй: «Мæ зæрди кард ниссадздзæнæн уой бæсти, – исфæндæ кодта æхецæн Хадизæт. – Еунæг уинд ма уæддæр ку фæккæнинæ Аслæнбеги, фал кутемæй?» – гъезæмарæ кодта мæгур кизгæ. Фæстагмæ æ зæрдæбæл æрлæудтæй Азаухан. «Уомæй æндæр мæ нистауæн неке исæмбæлун кæндзæнæй Аслæнбегбæл», – загъта æхецæн Хадизæт. Æма еци сахат æ косæг кизги къохæйфинст гæгъæдий гæбази хæццæ Азауханмæ рарвиста Къорнати Аслæнбеги номбæл.



Аслæнбег райхалдта гæгъæдий гæбазæ æма ибæл Хадизæти къохæй финст адтæй уотæ:

*«Аслæнбег! Мæ фидæ æма мæ хестæр æнсувæр Нану мæн нæ бафарстонцæ, уотемæй бафедудтонцæ Хъарадзаути хæццæ. Ме 'нсувæр Нану Хъарадзаутæй райста ирæд дæр, саргъи бæх æма æвзестæй арæзт топп. Иннæ майрæнбони мæ киндзæхсæвæр. Æма кæд дæ бон æй, уæд дæ лæгигъæдæ æма дæхуæдæг!*

*Хадизæт».*

Ирон адæммæ некæд адтæй еске курд киндзи раскъæфуни æгъдау. Уогæ уидæ уæхæн хабæрттæ, фал хъæбæр æстæн хатт æма Аслæнбег хуарз зудта, Хадизæти ку раскъæфа, уæд Къорнати муггаги тоггин не кæнуй Къуадзихътæ æма Хъарадзаути хæццæ. Хуарз зудта уой дæр, æма Хъарадзаутæ дæр æма Къуадзихътæ дæр хъæбæр устур муггæгтæ ке адтæнцæ. Фал æ зæрдæбæл ку 'рбалæудтæй, Хъарадзауи-фуртæн уомæй устурдæр аргъ ке искодтонцæ, е, уæд æ маст рафунхтæй.

Аслæнбег фæдздзурдта æ кæстæр æнсувæр Салатмæ. Сæлат адтæй сæрæн æма æхсаргин игурд. Æ лæгигъæдæ æма æ бæгъатæрдзийнадæн æмбал нæ адтæй. Адæм си уотæ дзориуонцæ, арв Салатæй не 'ндеуй нæрун, зæгъгæ.

Дуккаг бон хор ранигъулдæй, уотемæй Къорнати тургъи, еу иннемæй лæгдæр, уотемæй рафестæг æнцæ дæс бæхгини: Аслæнбегæн æ хуарз æмгæрттæ æма æрдхуæрдтæ. Иуазгутæ сæ уæле сау нимæттæ 'ркодтонцæ, райстонцæ сæ дамбацатæ æма бабадтæнцæ сæ бæхтæбæл. Æмбесæхсæвæ нæма адтæй, уотæ бæрзондæй никкастæнцæ Къуадзихъти гъæумæ.

Аслæнбег скъæфгутæн лæмбунæг фæдздзурдта, ка ци кæндзæнæй, уой. Дзубанди ралух æй уобæл, æма кизги гъæуама Аслæнбег æма Салат рахæссонцæ. Дууæ лæги гъæуама байзадайуонцæ тургъи бæхти хæццæ, иннæ аст скъæфæги ба гъæуама топпадзагъд исистайуонцæ аллирдигæй.

Цуппар бæхгини думги хузæн фæммедæг æнцæ Къуадзихъти тургъи. Аслæнбег æма Салат рагæппитæ кодтонцæ сæ бæхтæй, топпити къилдунæй ниццæфтæ кодтонцæ Хадзимурзи тургъи дуар æма фæммедæг æнцæ уати. Салат байзадæй дуаргæсæн, Аслæнбег ба цирагъ содзунмæ фæцæй. Нидæн рохсмæ Салат рауидта Хадзимурзæ айдагъ хæлаф æма хæдони хъæмай хæццæ Аслæнбегмæ къилдунæрдæмæ куд багъузтæй, уой. Нур ин æй æ фæсонти нисадза, зæгъгæ, уотæ ин Салат фæстеггæй æ къох æд хъæма райахæста, æ буни 'й ракодта æма ин æ къохтæ æма æ къæхтæ æнгон æрбабаста, æ гъæлæси ин къохмæрзæн ратъунста. Уæдта 'й сувæллони хузæн æ гъæбеси фелваста, æма 'й хуссæнмæ багæлста, æхуæдæг фондзæхстонæй æртæ æхсти фæккодта дуарæй, дзубандигонд куд адтæнцæ, уотæ.

Скъæфгутæн топпи гъæр сæ гъостæбæл ку рауадæй, уæд аллирдигæй топпадзагъд кæнун райдæдтонцæ. Идардæй ку байгъустайсæ, уæд цума дæс лæги нæ, фал сæдæ лæги топпадзагъд исамадтонцæ, уотæ игъустæй.

Цалинмæ Салат Хадзимурзи хабар кодта, уæдмæ Аслæнбег байервазтæй силгомæгти уатмæ. Сирник ку иссугъта, уæд Хадизæти уорс даргъ хæдони рауидта уати къуми мади фарсмæ зир-зиргæнгæй.

– Аслæнбег, – бафæразта ма исдзорун Хадизæт, уæдта æ зæрдæ багъæр æй æма æ бунати æрхаудтæй.

Аслæнбег Хадизæти сау нимæти ратухта æма цæргæсау ратахтæй уатæй.

Бон цъæхтæ кæнун райдæдта, уотемæй скъæфгутæ бахъæрдтæнцæ Киристонгъæумæ. Хадизæти Къорнатæмæ нæ бахастонцæ, фал Бегай мадирвадтæлтæмæ, Тогъузати Цæрай хæдзарæмæ. Гъæуама Хадизæт уонæй æрцудайдæ киндзи Къорнатæмæ.

Тогъузатæ устур кади хæццæ рарвистонцæ Хадизæти Къорнатæмæ киндзи. Къорнати муггаг, уæдта сæ хæстæгутæ аллиридигæй низмалдæнцæ: ка ласта косæрттаг, ка фунхта киндзæхсæвæрæн бæгæни, ка ба лæвардта æхца. Къорнатæ нæ, фал бустæги æцæгæлæнттæн дæр адтæй хъæбæр æхцæуæн Аслæнбеги гъуддаг. Рацæргæ адæм дзурдтонцæ, зæгъгæ, Къорнати киндзæхсæвæри хузæн цæргæбонти некæд неке гъуди кæнуй.

Къуадзихъти гъæуи сæумæй адæм кæрæдзей фарстонцæ, ци 'рцудæй æзинæ, зæгъгæ. Сæумæраги Хадзимурзæ еу бæхгини рарвиста Хъарадзаутæмæ, иннæ бæхгинти ба муггаги хестæртæмæ. Хор ку ранигъулдæй, уæд Хадзимурзи хæдзари æрæмбурд æнцæ Къуадзихъти муггаги хестæртæ æрбалæудтæнцæ Къуадзихъти тургъи Хъарадзаутæ дæр.

– Аци гъуддаг сæрмæ 'рхæсуйнаг гъуддаг нæй. Абони нæмæ бавналдтонцæ сау адæм, исон ба бавналдзæнæнцæ къæдæсардтæ, иннæ бон ба… Æма ма уæд æлдæрттæн цæрунмæ бæззуй? Кенæ ба кæд æрцудæй уæхæн хабар, æма еске курд киндзи раскъæфæ? – бафарста Хадзимурзæ.

Адæм зæнхæмæ никкастæнцæ æма ниссагъæсхуз æнцæ. Хъарадзаутæн сæ хестæр хатир ракурдта æма загъта:

– Устур ходуйнаг æй æнæгъæнæ муггæгæн дæн. Фал Хъарадзаутæ хъæбæрдæр æфхуæрд æрцудæнцæ. Курд киндзи раскъæфунæй ходуйнагдæр ци уодзæнæй? Хъарадзаутæ абонæй фæстæмæ сæхе нимайунцæ Къорнати хæццæ тоггинтæбæл. Гъæуама нæ киндзи фæстæмæ райсæн, æндæр тæрхон махмæ нæййес.

***(Уодзæнæй ма).***

**Поэт, адæмон исфæлдистади бундортæ æмбурдгæнæг Къубалти Захари фурт Александри райгурдбæл 9 октябри æнхæст кæнуй дæс æма авдинсæй анзи (1871-1937).**

*Еу лæг, æ кизги ин ка курдта, еци лæхъуæни фæрсуй: «Мæ кизгæ ди ци байагора, уони ин еугурæй дæр ке исамал кæндзæнæ, уобæл дæ зæрдæ дарис, лæхъуæн?..» Æма ин е дæр равардта дзуапп: «Уобæл æгириддæр ма секк кæнæ, мæ фиди хай!.. Дæ кизгæ куд зæгъуй, уотемæй æй айдагъдæр æз гъæун!..»*


МАХЪОТИ Иринæ дзубанди кæнуй фæсевæди хæццæ фембæлди.

# РАСТ ГЪУДДАГИ ДÆР РАСТ ФАРСХУÆЦÆГ ГЪÆУЙ!..

КÆЦИФÆНДИ адæмихатти дæр ку бафæрсай, ке 'гъдау хуæздæр æй, зæгъгæ, уæд алкедæр раппæлдзæнæй æхе уедæгтæй, – загъта æ рæстæги Геродот.

Еци арф гъудий æрфинстбæл кæд берæ æнзтæ рацудæй, уæддæр абони догæ æма æхсæнадон царди байзадæй ахсгиагæй. Рæстæг, цæугæдони хузæн, æнцойнæ нæ зонгæй, 'скъæруй размæ… Уой хæццæ, еу фæлтæр инней æййевуй, царди уагæ æма домæнтæ дæр сæ хæццæ æмдзо кæнунцæ… Фал, цийфæнди æййивддзийнæдти фæлгæти дæр алли адæмихатт дæр гъæуама багъæуай кæна, ци уедæгтæбæл æнцойнæ кæнуй, уой кадæ, æгъдау, æфсармæ æма намус.

Уæхæн фæткæ, бундор æма уагæбæл æвæрд æй Еугуруæрæсеуон æхсæнадон змæлд «Иристони Устур Нихæс»-и силгоймæгти Комитети ахсгиаг бундорон куст. «Иристони Устур Нихæс»-и сæрмагонд еумæйаг æмбурди унаффæ æма бардзурдмæ гæсгæ, комитетæн сæргълæууæгæй нисангонд æрцудæй **Махъоти Иринæ**, хуæдæййевæгæй – **Гæджинон-Хабæти Риммæ**. Фæстæдæр комитети æмбурди, дуккаг æма æртиккаг хуæдæййевгутæй иснисан кодтонцæ **Сланти Светланæ** æма **Гуйти Светланиé**.

Царди медæгæ кæцифæнди гъуддагæн дæр гъæуама æ размæ æвæрд цæуонцæ: сæйраг ихæстæ, бундорон нисантæ æма ахсгиаг фæндитæ. Еци гъудибæл хуæст æнцæ силгоймæгти Комитети иуонгтæ æма архайгутæ.

Комитетæн федар бундор исæвæруни уагæбæл, æвзурст æма федаргонд æрцудæнцæ, республики алли районти дæр сæрмагонд комитеттæ æма сæргълæугутæ: **Чихтисти-Кудзойти Зæринæ, Сæлбити Дианæ, Таутиати Минтæ, Коцойти Заремæ, Хъуппети Азæ, Тедтати Джульеттæ, Дзуццати Риммæ, Бадзити Ларисæ, Дзобати Аллæ, Касати Жаннæ, Абайти Тамарæ.**

Уотæ, Иристони кадгин æма æгъдаубæлхуæст силгоймæгтæ дусвæлдæхт æма уодуæлдайæй æмгустадæ кæнунмæ бавналунцæ. Анз дууæ хатти цæттæгонд æма арæзт æрцæунцæ еумæйаг æмбурдтæ. Уоми дзубанди фæццæуй, анзи медæгæ сæ размæ ци ихæстæ æма нисантæ исæвардтонцæ, уонæбæл. Цæйбæрцæ, куд æма ци хузи бафтуйдзæнæнцæ сæ къохи, еци гъуддæгутæбæл æма æндæр аллихузон гъомбæладон фарстатæбæл. Алли районти комитети сæргълæууæг дæр дзуапп раттуй æ кусти фæстеугутæн.

Дуккаг æмбурди сæрмагонд дзубанди фæццæуй, кусти медæгæ ци къулумпитæ адтæй анзи дæргъи, уони анхосæгтæ рартасун æма сæ райеуварс кæнуни мадзæлттæбæл. Уой хæццæ, дзубанди фæццæуй идарддæри кусти сæйраг ихæстæ, нисантæ, унаффитæ æма фæндитæ кæд, кæми æма куд лухгонд цæудзæнæнцæ, уобæл. Алли кусти туххæй дæр исфедар кæнунцæ сæрмагонд дзуапдæдтгути номхигъд. Еци кусти бардзурд федаргонд æрцæуй æмгъæлæси уагæ æма бундорбæл.

Мадта ци 'нцæ Еугурдуйнеуон æхсæнадон змæлд «Иристони Устур Нихæси» силгоймæгти Комитети сæйраг ихæстæ?

Зундгонд ирон рохситауæг Колити Аксо нин ниууагъта уæхæн æрвон гъуди: «Кæд нæ фæндуй доги æхсæнадæн аккаг кæстæр исгъомбæл кæнун, уæд бал, фиццагидæр, исгъомбæл кæнун гъæуй цардæн рæсугъд фæткæвæрæг силгоймаг – мадтæлти».

Мадта, цума, циуавæр гъæуама уа уæхæн силгоймаг – мадæ абони доги ба?

*Йæ царды нысан хъуамæ уа*
*æфсарм,*
*Йæ къæхты фæдтæй зæхх*
*æнкъара хъарм.*
*Бæркады суадон хъуамæ уа*
*йæ арм,*
*Йæ уды арфы ма цæра хæрам!*

Е æй комитети фиццаг нисан. Фал, нæ фидтæлтæ дзæгъæли нæ загътонцæ: «Тала æригонæй ку не 'ртасун кæнай, уæд бæласæй тасун нæбал бакомдзæнæй». Исонибон мади кæдзос ном хæссунмæ къахдзæфгай æма къæпхæнгай цæуй нæ абони царди æригон кизгæ.

Уомæн хестæртæ, гъомбæлгæнгутæ æма ахургæнгутæ ци байамононцæ, уой исон бахæсдзæнæй æ нæуæг бийнонтæ æма æхсæнадон цардмæ. Кæд абони сæхуæдтæ нурма хъæболтæ 'нцæ, уæд исонибон ба уодзæнæнцæ мадтæлтæ, нæуæг æхсæнадæ æма рæстæги хумгæнди муггаг итаугутæ. Абони 'нцæ æригон æнсувæрти хуæртæ, бийнонтæ æма муггæгти ахурдзаутæ…

Федæни ба уодзæнæнцæ цардæмбæлттæ, мадтæлтæ æма хæдзари артгъæуайгæнгутæ. Алли ирон кизгæ дæр гъæуама æ зæрдæбæл дара:

*Æфсымæртæн кæд*
*райгуырдтæн æз хойæн, –*
*Мæ ном сын макуы хъуамæ суа*
*сæрхойæн!..*
*Мæ зæрдæйыл тых кæна*
*хъуамæ зонд,*
*Цæмæй сæ худтæ уой мæнæй*
*бæрзонд!..*
*Æз цардæмбалæн кæд*
*æвзæрст æрцыдтæн,*
*Хуыцауæй райстон кæд*
*фæдзæхсæн,*
*Уæд Мады-Майрæм, Сафайыл*
*æфтыд дæн!*
*Æз – Иры фарны къæбицы*
*æртыскæн!..*

Еугур аци арф гъудитæ æма ахсгиаг фарстатæ æвæрд æнцæ Еугурдуйнеуон æхсæнадон змæлд «Иристони Устур Нихæс»-и силгоймæгти Комитети кусти медæгæ.

Бундоронæй сæбæл æрдзорæн, ци берæ фембæлдтитæ аразæн ирæзгæ фæлтæр æма æригæнтти хæццæ, еци ахедгæ мадзæлтти рæстæги. Уæхæн фембæлдтити архайгутæ фæуунцæ цалдæр фæлтæрей минæвæрттæ: комитети иуонгтæ, нанатæ, нийййергутæ, скъоладзаутæ, студенттæ.

Еумæйаг кусти фæткæвæрдæй алли районти дæр райсуй бакосуйнаг хайадæ, бацæттæ кæнуй æма исаразуй сæрмагонд гъомбæладон мадзал. Уордæмæ хунд æрцæунцæ республики еугур районтæй дæр минæвæрттæ. Догæ æма рæстæги ахсгиагдæр æма ахедгæдæр мадзæлттæбæл исаразæн телевизион равдиститæ, радиобакаститæ, æрдзорæн сæбæл республики сæйраг мухури фæрæзнити фæрстæбæл дæр.

Алли мадзали рæстæги дæр бундоронæй дзурд фæццæуй: иристойнаг кизги æгъдау, æфсармæ æма намус абони царди ниффедар кæнуни сæйраг ихæстæбæл. Исонибони фæлтæртæмæ сæ рæсугъд æма кæдзосæй бадæттуни ахсгиаг фарстатæбæл.

Æригон фæсевæд, уæхæн фембæлдтити рæстæги раргом кæнунцæ сæ абони царди ресагæдæр фарстатæ æма цæлхдортæ… Устур æргом 'здæхт фæццæуй иристойнаг кизгутти уæледарæс æма æндаг бакастмæ. Уой хæццæ, сæхе æхсæнадон бунæтти куд дарунцæ, еци ахсгиаг æма æркæсуйнаг гъуддæгутæмæ. Ке зæгъун æй гъæуй, фиццагон уæледарæсмæ раздахуни фæстезад гъуди, комитети иуонгтæй еуемæ дæр нæййес. Фал силгоймаги æгъдау, æфсармæ, ездондзийнадæ, гъæуама, модæ ке хонæн, уомæй макæд фæххецæн уонцæ.

Алцæмæн дæр ес бæрцæ æма уагæ. Кизгæ гъæуама æ зæрдæбæл дара, айдагъ æ бийнонтæ æма муггаги цæсгон ке нæй, фал æнæгъæнæ Иристони кадæхæссæг минæвар, æхсæнадон царди абони æма федæни бæлццон. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма, аци анзи кусти фæткæвæрдмæ гæсгæ, комитетмæ хунд ке 'рцæудзæнæнцæ Иристони алли гъуддагæй дæр фæнзуйнаг кизгуттæ сæ мадтæлти хæццæ. Е, æнæмæнгæ, æргом агъаз фæууодзæнæй фæсевæд æма ирæзгæ фæлтæри хæццæ æнцондæрæй бастдзийнæдтæ исфедар кæнунæн. Уомæй уæлдай, фæуурухдæр кодтан комитети бастдзийнæдтæ географион æвналæнтæй дæр.

Кадгин уавæрти комитети иуонг иссæй Турки цæрæг нæ уарзон хуæрæ Пухати Жале. Е архайдта комитети цалдæр æмбурдеми. Радзурдта нæ хуæртæ æцæгæлон бæсти кизгутти хæццæ еумæйаг гъомбæладон куст куд æнхæст кæнунцæ, уой туххæй. Бахаста фæндæ, абони рæстæг пандемий уацарæй ку фæййервæза, уæд ке исараздзинан еумæйаг гъомбæладон мадзæлттæ дæр уой фæдбæл.

Нур ба мæ дзубанди æй Иристони цæрæг еугур нанатæ, мадтæлтæ æма æригон фæсевæдмæ. Уæ хуарзæнхæй, æрбалæууетæ нæ комитети силгоймæгти фарсмæ! Нæ кæстæртæ æнцæ æнæгъæнæ Иристони кæстæртæ дæр. Хуарз кæстæр исгъомбæл кæнун æй еумæйаг еугурадæмон ихæс, æма ибæл еу бийнонти хузæн ку косæн, уæд нæ комитети иуонгтæн зингæ фулдæр бафтуйдзæнæй сæ къохи. Уой туххæй æнæмæнгæ комитети иуонг ун нæ гъæуй.

Мах дæр æма районти комитеттæ дæр цæттæ 'нцæ сумахæй кефæнди хæццæ дæр фембæлунмæ. Кæд уæмæ ес хуарз гъудитæ, унаффитæ, феппайуйнæгтæ – табуафси, æнгъæлмæ уæмæ кæсæн!

***ГÆДЖИНОН-ХАБÆТИ Риммæ, Еугурдуйнеуон æхсæнадон змæлд «Иристони Устур Нихæс»-и силгоймæгти Комитети сæрдари хуæдæййевæг.***

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730**. Заказ **№2261**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 29.09.2021.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 07.10.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ авторттæ.**
**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**